# Иоанны Евангели

## – 1 –

*Дзырд сси Адæймаг*

**1** Райдианы уыди Дзырд, æмæ Дзырд уыди Хуыцаумæ, æмæ Дзырд уыди Хуыцау.

**2** Уый райдианы уыди Хуыцаумæ.

**3** Æппæт дæр Уый фæрцы сфæлдыстæуыд, æмæ цыдæриддæр сфæлдыстæуыд, уыдонæй æнæ Уымæй ницы сфæлдыстæуыд.

**4** Уый уыди царддæттæг, æмæ уыцы цард æппæт адæмæн уыди рухс.

**5** Рухс талынджы рухс кæны, æмæ йыл талынг нæ фæтых.

**6** Уыди Хуыцауæй æрвыст лæг, йæ ном Иоанн.

**7** Уый æрцыд æвдисæнæн – Рухсы тыххæй зæгъынмæ, цæмæй адæм йæ фæрцы иуылдæр баууæндой.

**8** Уый йæхæдæг рухс нæ уыд, фæлæ æрвыст уыди Рухсы тыххæй зæгъынмæ.

**9** Уыцы Рухс уыди æцæг Рухс, Уый рухс кæны, дунемæ чидæриддæр æрцæуы, уыдоны.

**10** Уый уыди, Йæ фæрцы кæй сфæлдыстæуыд, уыцы дунейы, фæлæ Йæ дуне нæ базыдта.

**11** Æрцыд йæхионтæм, æмæ Йыл йæхионтæ нæ баууæндыдысты.

**12** Фæлæ Йыл чи баууæндыд, уыдонæн радта Хуыцауы хъæбултæ суæвыны бар.

**13** Уыдон райгуырдысты нæдæр туг æмæ стæгæй, нæдæр нæлгоймаджы фæндæй, фæлæ – Хуыцауæй.

**14** Дзырд сси Адæймаг æмæ æрцарди не 'хсæн, уыди хорзæхы æмæ æцæгады суадон. Æмæ мах федтам Йæ намыс – Фыды иунæг Фырты намыс.

**15** Иоанн Фырты тыххæй лæууы æвдисæн æмæ хъæлæсыдзагæй зæгъы: «Ай Уый у, æз афтæ Кæй тыххæй загътон: „Мæ фæстæ Чи цыди, Уый фæци мæ разæй, уымæн æмæ æз нæма уыдтæн, Уый та уыди“».

**16** Æмæ Йæ æгæрон хъæздыгдзинадæй мах райстам хорзæх хорзæхы фæдыл.

**17** Уымæн æмæ Æгъдау Моисейы фæрцы лæвæрд æрцыд, хорзæх æмæ æцæгад та Йесо Чырыстийы фæрцы лæвæрд сты.

**18** Хуыцауы никуы ничи федта, фæлæ Йæ раргом кодта Йæ иунæг Фырт – Фыдимæ иу æмæ æцæг Хуыцау Чи у, Уый.

*Аргъауæг Иоанн зæгъы Йесойы тыххæй*

**19** Иудейтæ* Иерусалимæй сауджынты æмæ левитты куы

---

* **1:19** Иоанны Евангелийы дзырд *иудей* арæх амоны «иудейаг хицау».

---

**1:5** Ин. 3:19. **1:6** Мф. 3:1. **1:11** Мф. 15:24. **1:12** Ром. 8:15; Гал. 3:26. **1:13** Ин. 3:5. **1:14** Мф. 1:16; 17:2; Ин. 17:24; 2 Кор. 3:9; Дзут. 2:11. **1:15** Мф. 3:11. **1:16** Эф. 1:6; Кол. 1:19. **1:17** Ром. 3:24. **1:18** 1 Ин. 4:12; 1 Тим. 6:16.

арвыстой Иоанны бафæрсынмæ:
«Ды чи дæ?»,
20 Уæд æй уый нæ басусæг
кодта æмæ æргомæй загъта, æз
Чырысти нæ дæн, зæгъгæ.
21 Уæд æй бафарстой: «Уæдæ чи
дæ? Илиа дæ?» Уый загъта: «Илиа
нæ дæн». «Пехуымпар* дæ?» Уый
дзуапп радта: «Нæ дæн».
22 Бафарстой та йæ: «Уæдæ чи
дæ? Цы дзуапп раттæм нæ рарвит-
джытæн? Дæхæдæг дæхи тыххæй
цы зæгъдзынæ?»
23 Уый сын дзуапп радта Исай-
пехуымпары ныхæстæй: «Æз дæн
æдзæрæг ран фидиуæджы хъæлæс:
æмраст скæнут Хицауæн Йæ фæн-
даг».
24 Уæд фарисейтæ кæй рарвыс-
той,
25 Уыдон æй бафарстой: «Уæдæ
кæд ды нæдæр Чырысти дæ, нæ-
дæр Илиа, нæдæр пехуымпар, уæд
цæмæн аргъауыс?»
26 Иоанн сын дзуапп радта: «Æз
аргъауын донæй, фæлæ уе 'хсæн
лæууы, сымах Кæй нæ зонут, Уый –
27 Мæ фæстæ Цæуæг. Æз Уы-
мæн Йæ дзабыры бос райхалыны
аккаг дæр нæ дæн».
28 Ацы ныхас рауади Вифани-
йы, Иорданы иннæ фарс, Иоанн
кæм аргъуыдта, уым.

*Хуыцауы Уæрыкк*

29 Дыккаг бон Иоанн федта
Йесойы æрбацæйцæугæ æмæ загъ-
та: «Дунейы тæригъæд Чи фæхæс-
сы, мæнæ Хуыцауы уыцы Уæрыкк.
30 Ай Уый у, æз афтæ Кæй тых-
хæй загътон: „Мæ фæстæ цы Лæг
цæуы, Уый фæци мæ разæй, уы-
мæн æмæ æз нæма уыдтæн, Уый та
уыдис“.
31 Æз Æй нæ зыдтон. Фæлæ до-
нæй аргъауынмæ уымæн æрцыд-
тæн, цæмæй Уый раргом уа Израи-
лæн».
32 Иоанн æвдисæн лæууыд: «Æз
федтон Сыгъдæг Уды уæларвæй бæ-
лонау Уымæ æрцæйцæугæ æмæ Йе-
мæ баззайгæ.
33 Æз Æй нæ зыдтон, фæлæ мæ
донæй аргъауынмæ Чи рарвыста,
Уый мын загъта: „Уды Кæмæ æр-
цæйцæугæ æмæ Кæимæ баззайгæ
фенай, Уый у Сыгъдæг Удæй ар-
гъауæг“.
34 Æз уыдæттæ федтон æмæ æв-
дисæн лæууын, Хуыцауы Фырт кæй
у, уый тыххæй».

*Фыццаг ахуыргæнинæгтæ*

35 Дыккаг бон дæр та Иоанн лæу-
уыд йæ ахуыргæнинæгтæй дыууæ-
имæ.
36 Æмæ Йесойы фæцæйцæу-
гæ куы федта, уæд загъта: «Мæнæ
Хуыцауы Уæрыкк».
37 Ахуыргæнинæгтæ уыцы ныхæс-
тæ куы фехъуыстой, уæд сæ дыууæ
дæр ацыдысты Йесойы фæдыл.
38 Йесо фæстæмæ куы ракаст
æмæ сæ Йæ фæдыл цæугæ куы

* **1:21** Ам ныхас цæуы, уыцы заман иудейтæ кæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы пехуымпарыл.

**1:19** Ин. 5:33. **1:20** Ин. 3:28; Ап. хъ. 13:25. **1:23** Мф. 3:3; Мк. 1:3; Лк. 3:4. **1:31** Мк. 1:4. **1:32** Мф. 3:16; Мк. 1:10; Лк. 3:22; Ин. 6:27.

федта, уæд сын загъта: «Цы уæ хъæуы?» Уыдон Ын загътой: «Равви (ома, Ахуыргæнæг), кæм цæрыс?»

**39** Уый сын загъта: «Рацæут æмæ йæ фендзыстут». Уыдон ацыдысты æмæ федтой, Йесо кæм цæры, уый. Æмæ уыцы бон фесты Уымæ. Уыди дæс сахатмæ* хæстæг.

**40** Иоаннæй Йесойы тыххæй чи фехъуыста æмæ Йæ фæдыл чи ацыд, уыцы дыууæйæ иу уыдис Андрей, Симон Петры æфсымæр.

**41** Андрей æвæстиатæй бацагуырдта йе 'фсымæр Симоны æмæ йын загъта: «Мах ссардтам Мессиайы» (ома, Чырыстийы).

**42** Уый фæстæ йæ æркодта Йесомæ. Йесо йæм бакаст æмæ йын загъта: «Иоанны фырт Симон, дæ ном уыдзæн Кифæ» (ома, Петр)**.

*Филипп æмæ Нафанаил*

**43** Дыккаг бон Йесо скодта Галилеймæ цæуыны фæнд. Ссардта Филиппы æмæ йын загъта: «Цом Мемæ».

**44** Филипп та уыди вифсаидæйаг, Андрей æмæ Петр кæцæй уыдысты, уыцы сахайраг.

**45** Филипп бацагуырдта Нафанаилы æмæ йын загъта: «Мах ссардтам, Моисейы Æгъдауы Кæй тыххæй ис фыст, стæй пехуымпартæ Кæй тыххæй фыстой, уыцы Назаретаг Йесойы, Иосифы фырты».

**46** Фæлæ йын Нафанаил загъта: «Назаретæй дæр хорзæй исты рацæудзæн?» Филипп ын загъта: «Рацу æмæ фен».

**47** Йесо федта Нафанаилы æрбацæйцæугæ æмæ загъта: «Мæнæ æцæг æнæхин израилаг».

**48** Нафанаил Ын загъта: «Ды мæ цæмæй зоныс?» Йесо йын дзуапп радта: «Филипп дæм куы нæма фæдзырдта, уæд дæ легъуибæласы бын федтон».

**49** Нафанаил Ын загъта: «Равви, Ды Хуыцауы Фырт дæ, Израилы Паддзах».

**50** Йесо йын дзуапп радта: «Ды æууæндыс, уымæн æмæ дын загътон: „Æз дæ федтон легъуибæласы бын“. Фендзынæ уымæй фылдæр».

**51** Ноджы ма йын загъта: «Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: [нырæй фæстæмæ] уындзыстут арвы дуар гомæй æмæ Хуыцауы зæдты уæларвмæ ссæугæ æмæ Адæймаджы Фыртмæ æрцæугæ».

## — 2 —

*Чындзæхсæв Канæйы*

**1** Æртыккаг бон галилейаг Канæйы уыди чындзæхсæв, æмæ Йесойы Мад уыди уым.

**2** Чындзæхсæвмæ хуынд уыдысты Йесо æмæ Йæ ахуыргæнинæгтæ дæр.

**3** Æмæ сæн куы фæци, уæд Йесойæн Йæ Мад загъта: «Сæн сæм нæй».

**4** Йесо йын дзуапп радта: «Уый Мæнæй цы домыс, Мæ Мад? Мæ рæстæг нæма æрцыд».

* **1:39** Сахæттæ амынд сты рагон нымадæй (кæс дзырдуаты).
** **1:42** *Кифæ* арамейагау æмæ *Петр* бердзенагау амонынц «дур».

**1:42** Мф. 16:18.

**5** Уæд Йæ Мад загъта лæггад-
гæнджытæн: «Цы уын зæгъа, уый
бакæнут».
**6** Иудейаг æгъдаумæ гæсгæ уым
хи цæхсынæн уыди дурæй конд
æхсæз донгарзы; цыдис сæ фæйнæ
дыууæ-æртæ къæртайы*.
**7** Йесо лæггадгæнджытæн загъта:
«Байдзаг кæнут донгæрзтæ донæй».
Æмæ сæ байдзаг кодтой сæ былтæм.
**8** Уæд сын Йесо загъта: «Ныр
сæвгæнут æмæ ахæссут фынгæн
уынаффæгæнæгмæ». Æмæ ахастой.
**9** Сæн цы дон фестад, фынгæн
уынаффæгæнæг уымæй куы аца-
хуыста, – сæн кæцæй у, уый та
зонгæ дæр нæ кодта, зыдтой йæ
æрмæстдæр донгæрзтæй дон сæв-
гæнæг лæггадгæнджытæ, – уæд фæ-
дзырдта сиахсагмæ
**10** Æмæ йын загъта: «Алчи раз-
дæр дзæбæх сæн æрæвæры фын-
гыл, æмæ сæ фаг куы баназынц,
уæд та – æвзæрдæр. Ды та хорз
сæн нырмæ ныуuагътай».
**11** Йесо галилейаг Канæйы цы
бакодта, уый уыди Йæ диссæгты
райдайæн, уымæй равдыста Йæ на-
мыс æмæ Йыл Йæ ахуыргæнинæг-
тæ бауудæндыдысты.
**12** Уый фæстæ Йесо Йæ Мади-
мæ, Йе 'фсымæртимæ, Йæ ахуыр-
гæнинæгтимæ æрцыд Капернаум-
мæ æмæ дзы фесты цалдæр боны.

*Йесо сыгъдæг кæны Кувæндон*

**13** Æрæввахс иудейаг Куадзæн,
æмæ Йесо æрцыд Иерусалиммæ.
**14** Кувæндоны федта галтæ, фыс-
тæ æмæ бæлæттæ уæйгæнджыты,
æхцаивджыты бадгæ.
**15** Уæд синагæй скодта ехс, сеп-
пæты дæр ратардта Кувæндонæй,
стæй фыстæ æмæ галтæ дæр, æхца-
ивджытæн ныппырх кодта се 'хца,
сæ фынгтæ сын афæлдæхта.
**16** Бæлæттæ уæйгæнджытæн та
загъта: «Айсут сæ ардыгæй æмæ
Мæ Фыды Хæдзарæй уæйгæнæн
хæдзар ма кæнут».
**17** Уæд Йæ ахуыргæнинæгтæ
æрымысыдысты, Сыгъдæг Фыст цы
зæгъы, уый: «Дæ Хæдзарыл мæт
Мæ удхарæй мары».
**18** Уæд Ын иудейтæ загътой:
«Ахæм бартæ Дæм кæй ис, ууыл
нæ цавæр æвдисæйнагæй бауудæн-
дын кæндзынæ?»
**19** Йесо сын дзуапп радта: «Фе-
халут ацы Кувæндон, æмæ йæ Æз
æртæ бонмæ сараздзынæн».
**20** Уæд Ын иудейтæ загътой:
«Ацы Кувæндон æхсæз æмæ дыууи-
ссæдз азы арæзтой, Ды та йæ æртæ
бонмæ сараздзынæ?»
**21** Фæлæ Йесо цы Кувæндоны
тыххæй дзырдта, уый уыди Йæ буар.
**22** Æмæ Йесо мæрдтæй куы рай-
гас, уæд Йæ ахуыргæнинæгтæ æры-
мысыдысты уыцы ныхæстæ, æмæ
бауудæндыдысты Сыгъдæг Фыстыл
æмæ Йесойы ныхасыл.

*Йесо уыны алкæй зæрдæ дæр*

**23** Куадзæны бæрæгбоны Йесо
Иерусалимы куы уыди, уæд кæй

* **2:6** *2-3 къæртайы* – 80-120 литры.

**2:14** Мф. 21:12; Мк. 11:15; Лк. 19:45. **2:19** Мф. 26:61; 27:40; Мк. 14:58; 15:29.
**2:22** Мф. 17:23; Ап. хъ. 2:25; 13:34.

æвдыста, уыцы диссæгтæ федтой бирæ адæм æмæ Йыл бауæндыдысты.

**24** Йесо сыл Йæхæдæг та не 'ууæндыд, уымæн æмæ зыдта сеппæты дæр,

**25** Æмæ Йын адæймаджы тыххæй исчи загътаид, уый сæр Æй нæ хъуыд – адæймаджы зæрдæйы цы ис, уый Йæхæдæг хорз зыдта.

# – 3 –

### *Йесо æмæ Никодим*

**1** Фарисейты æхсæн уыд иу адæймаг, йæ ном Никодим, иудейаг хицæуттæй иу.

**2** Уый æхсæвы æрцыд Йесомæ æмæ Йын загъта: «Равви, Ды Хуыцауæй æрцæугæ Ахуыргæнæг кæй дæ, уый мах зонæм. Уымæн æмæ Ды цы диссæгтæ аразыс, уыдон кæнын никæй бон бауыдзæн, Хуыцау йемæ куы нæ уа, уæд».

**3** Йесо йын дзуапп радта: «Æцæг, æцæг зæгъын дæуæн: ногæй чи нæ райгуыра, уымæн Хуыцауы Паддзахад фенын йæ бон нæ бауыдзæн».

**4** Никодим Ын загъта: «Карджын адæймаг куыд хъуамæ райгуыра? Ау, дыккаг хатт мады гуыбынмæ бацæуын æмæ райгуырын йæ бон бауыдзæн?»

**5** Йесо йын дзуапп радта: «Æцæг, æцæг зæгъын дæуæн: дон æмæ Удæй чи нæ райгуыра, уымæн Хуыцауы Паддзахадмæ бацæуын йæ бон нæ бауыдзæн.

**6** Адæймагæй райгуыры адæймаг, Удæй та райгуыры уд.

**7** Ма дис кæн, Æз дын цы загътон, ууыл: „Ногæй хъуамæ райгуырат“.

**8** Уд дымгæйау у: дымгæйы кæм фæфæнды, уым фæдымы, йæ уынæр ын хъусыс, фæлæ кæцæй æрцæуы æмæ кæдæм ацæуы, уый нæ зоныс. Афтæ вæййы йæ хабар, Удæй чидæриддæр райгуыры, уымæн».

**9** Никодим Æй бафарста: «Уымæн гæнæн куыд ис?»

**10** Йесо йын дзуапп радта: «Ды Израилы адæмы ахуыргæнæг куы дæ, уæд æй нæ зоныс?

**11** Æцæг, æцæг зæгъын дæуæн: Мах цы зонæм, ууыл дзурæм, æмæ цы федтам, уый тыххæй æвдисæн лæууæм, сымах та Не 'вдисæнадыл не 'ууæндут.

**12** Зæххон цы у, Æз уын уый тыххæй загътон, æмæ уæ нæ уырны; уæларвон цы у, уый тыххæй уын куы дзурон, уæд та уæ куыд бауырндзæн?

**13** Уæларвмæ ничима ссыди уырдыгæй æрцæуæг Адæймаджы Фырты йеддæмæ.

**14** Æмæ Моисей æрхуыйæ калмы æдзæрæг бæстæйы уæлæмæ куыд систа, афтæ уæлæмæ ист хъуамæ æрцæуа Адæймаджы Фырт дæр,

**15** Чидæриддæр Ыл æууæнды, уымæн мыггагмæйы цард куыд уа, афтæ.

**16** Уымæн æмæ Хуыцау афтæ бауарзта дуне, æмæ радта Йæ Иунæг Фырты, цæмæй Йыл чидæриддæр

---

**2:24** Мф. 9:4; Мк. 2:8. **2:25** Ин. 6:64. **3:1** Ин. 7:50; 19:39. **3:3** Иак. 1:18; 1 Пет. 1:23; 2 Кор. 5:17; Гал. 6:15; Тит. 3:5. **3:6** Ром. 8:5. **3:8** Кол. 3:3. **3:13** Ин. 6:62. **3:14** Ин. 12:32.

æуууæнды, уый ма фесæфа, фæлæ йын уа мыггагмæйы цард.

**17** Уымæн æмæ Хуыцау Йæ Фырты дунейæн тæрхон рахæссынмæ нæ рарвыста, фæлæ Йæ фæрцы дуне фервæзын кæнынмæ.

**18** Чи Йыл æууæнды, уымæн тæрхон нæй, чи нæ Йыл æууæнды, уый та нырида͏æгæн тæрхонгонд у, уымæн æмæ нæ баууæндыд Хуыцауы Иунæг Фыртыл.

**19** Тæрхон та уый мидæг ис, æмæ рухс æрцыд дунемæ, фæлæ адæм рухсы бæсты талынг бауарзтой, уымæн æмæ сæ хъуыддæгтæ хæрам уыдысты.

**20** Йæ хъуыддæгтæ хæрам кæмæндæриддæр сты, уый рухсæй йе сæфт уыны æмæ рухсмæ нæ цæуы, цæмæй йæ хъуыддæгтæ ма раргом уой.

**21** Фæлæ æцæгадмæ гæсгæ чи цæры, уый та цæуы рухсмæ – йæ хъуыддæгтæ æргом куыд уой, уымæн æмæ уыдон Хуыцауæн фæндон сты».

### *Йесо æмæ Аргъауæг Иоанн*

**22** Уый фæстæ Йесо Йæ ахуыргæнинæгтимæ æрцыд иудейаг зæхмæ. Уым семæ бафæстиат иуцасдæр æмæ аргъуыдта.

**23** Дон дзы бирæ кæй уыд, уымæ гæсгæ Иоанн дæр аргъуыдта Эноны, Салиммæ хæстæг. Æмæ йæм адæм цыдысты саргъауынмæ.

**24** Уæд Иоанны ахæстоны нæма бакодтой.

**25** Иоанны ахуыргæнинæгтæн иу иудейимæ рауад быцæу хи ссыгъдæг кæныны фæдыл.

**26** Уæд æрцыдысты Иоаннмæ æмæ йын загътой: «Равви, Иорданы иннæ фарс демæ Чи уыд æмæ ды Кæй тыххæй дзырдтай, Уый аргъауы æмæ адæм иууылдæр Уымæ цæуынц».

**27** Иоанн сын дзуапп радта: «Адæймагæн йæ бон ницы кæнын у, уæларвæй йын лæвæрд куы нæ уа, уæд.

**28** Æз цы загътон, уымæн уæхæдæг стут æвдисæнтæ: „Æз Чырысти нæ дæн, фæлæ æз Йæ разæй дæн æрвыст“.

**29** Усаг кæмæн ис, уый сиахсаг у. Сиахсаджы хæлар та лæууы сиахсаджы фарсмæ, хъусы йын йæ хъæлæс æмæ цин кæны. Афтæ нæй кæрон мæ цинæн.

**30** Уымæн рæзын æмбæлы, мæнæн та – къаддæрæй-къаддæр кæнын.

**31** Уæларвæй Æрцæуæг алкæмæй дæр уæлдæр у; зæххæй чи у, уый зæххон у æмæ зæххонау дзуры. Уæларвæй Æрцæуæг алкæмæй дæр уæлдæр у.

**32** Уый цы федта æмæ цы фехъуыста, уыдæтты тыххæй лæууы æвдисæн, фæлæ Йын Йæ ныхасыл ничи æууæнды.

**33** Йæ ныхасыл ын чи æууæнды, уый та уымæй равдисы, Хуыцау Йæ дзырд кæй нæ сайы, уый.

**34** Хуыцау Кæй рарвыста, Уый Хуыцауы ныхæстæ кæны, уымæн

---

3:16 Мк. 16:16; Ин. 6:40; 1 Ин. 4:9-10. 3:26 Ин. 1:27. 3:28 Ин. 1:20; Ап. хъ. 13:25. 3:29 Мф. 22:2; Эф. 5:25, 27. 3:31 Ин. 8:23; Ром. 9:5; Эф. 1:21. 3:32 Ин. 8:26. 3:33 1 Ин. 5:10; Ром. 3:4.

æмæ Хуыцау Йæ Удæй бæрцæй нæ
дæтты.

**35** Фыд уарзы Фырты æмæ Йын
æппæт дæр радта Йæ къухмæ.

**36** Фыртыл æууæндæг схайджын
мыггагмæйы цардæй, Фыртмæ чи
нæ хъусы, уый та цард нæ фендзæн –
Хуыцауы фыдæх æй баййæфта».

## – 4 –

*Йесо æмæ самариаг сылгоймаг*

**1** Йæ ахуыргæнинæгтæ Иоанны
ахуыргæнинæгтæй фылдæр кæнынц
æмæ Иоаннæй фылдæр аргъауы,
зæгъгæ, уыцы хабар фарисейтæм
кæй бахæццæ, Йесо уый куы ба-
зыдта –

**2** Уæвгæ Йесо Йæхæдæг нæ ар-
гъуыдта, фæлæ Йæ ахуыргæни-
нæгтæ, –

**3** Уæд ныууагъта иудейаг бæстæ
æмæ ногæй ацыд Галилеймæ.

**4** Йæ фæндаг уыди Самарийыл.

**5** Æмæ бацыд самариаг сахар Си-
хармæ, Иаков йæ фырт Иосифæн
цы зæххы хай радта, уымæ хæстæг.

**6** Уым уыди Иаковы цъай. Йесо
бастади фæндагыл æмæ æрбадт цъа-
йы цур. Уыдис æхсæзæм сахатмæ
æввахс.

**7** Дон хæссынмæ æрцыд иу сама-
риаг сылгоймаг. Йесо йын загъта:
«Дон-ма Мын ратт».

**8** Йæ ахуыргæнинæгтæ та уыцы
рæстæг сахармæ хæринаг æлхæнын-
мæ ауадысты.

**9** Самариаг сылгоймаг Ын загъ-
та: «Ды иудей куы дæ, уæд мæ-
нæй, самариагæй, дон куыд ку-
рыс?» Афтæ уымæн загъта, æмæ
иудейтæ самариæгтыл не ’рвæс-
сынц.

**10** Йесо йын дзуапп радта: «Ды
Хуыцауы хорзæх куы зонис, стæй
дæуæн „Дон-ма Мын ратт“ Зæ-
гъæджы дæр, уæд Дзы дæхæдæг ра-
курис, æмæ дын Уый раттид цард-
дæттæг дон».

**11** Сылгоймаг Ын загъта: «Ме
’лдар, цъай арф у, Дæумæ та æгæ-
рыстæмæй æвгæнæнгарз дæр нæй.
Уæд Дæм царддæттæг дон кæ-
цæй ис?

**12** Ацы цъай нын нæ фыдæл
Иаков ныууагъта. Йæхæдæг дæр
дзы нуæзта, стæй йæ сывæллæттæ
дæр æмæ йæ фос дæр. Ау, Ды уы-
мæй уæлдæр дæ?»

**13** Йесо йын дзуапп радта: «Ацы
донæй чидæриддæр нуазы, уый но-
гæй сдойны уыдзæн.

**14** Æз ын цы дон раттон, уымæй
чи баназа, уый та мыггагмæ дæр
нал сдойны уыдзæн. Фæлæ йын
Æз цы дон раттон, уый йæ зæр-
дæйы фестдзæн мыггагмæйы цард
дæттæг суадон».

**15** Сылгоймаг Ын загъта: «Ме
’лдар, ратт мын уыцы донæй, цæ-
мæй дойны ма кæнон æмæ дон
æвгæнынмæ ардæм ма цæуон».

**16** Йесо йын загъта: «Марадз,
бадзур дæ моймæ æмæ рацу ар-
дæм».

**17** Сылгоймаг Ын дзуапп радта:
«Мой мын нæй». Йесо йын загъта:
«Мой дын кæй нæй, уымæй ды
раст загътай.

**18** Уыди дын фондз мойы, æмæ
дын ныртæккæ чи ис, уый дæр дæ
мой нæу. Уымæй раст загътай».

---

3:35 Мф. 28:18. 4:1 Ин. 3:26. 4:9 Лк. 9:53.

**19** Сылгоймаг Ын загъта: «Ме
’лдар, æз уынын, Ды пехуымпар
кæй дæ, уый.
**20** Нæ фыдæлтæ ацы хохыл куыв-
той. Сымах та, иудейтæ, афтæ зæ-
гъут, кувын кæм æмбæлы, уыцы
бынат Иерусалимы ис, зæгъгæ».
**21** Йесо йын загъта: «Бауугæнд
Мыл, хорз ус, æрцæуы ахæм рæс-
тæг, æмæ Фыдмæ нæдæр ацы хо-
хыл кувдзыстут, нæдæр Иеруса-
лимы.
**22** Сымах, самариæгтæ, кæмæ
кувут, уый уæхæдæг дæр нæ зонут.
Мах та кæмæ кувæм, уый зонæм,
уымæн æмæ ирвæзындзинад иудей-
тæй рацæудзæн.
**23** Фæлæ æрцæуы ахæм рæстæг,
æниу, цæугæ дæр æркодта, æмæ
æцæг кувджытæ Фыдмæ кувдзы-
сты Удæй разæнгардæй æмæ æцæ-
гадмæ гæсгæ, уымæн æмæ Фыдæн
ахæм кувджытæ сты фæндон.
**24** Хуыцау уд у, æмæ Йæм чи ку-
вы, уыдон Æм Удæй разæнгардæй
æмæ æцæгадмæ гæсгæ хъуамæ ку-
вой».
**25** Сылгоймаг Ын загъта: «Мессиа
(ома, Чырысти) кæй æрцæудзæн,
уый æз зонын. Æмæ куы æрцæ-
уа, уæд нын æппæт дæр бацамон-
дзæн».
**26** Йесо йын загъта: «Уый Æз
дæн, демæ Ныхасгæнæг».
**27** Уыцы рæстæг æрцыдысты
Йæ ахуыргæнинæгтæ, æмæ Йесо
сылгоймагимæ кæй ныхас кодта,
уый сæ дисы бафтыдта. Фæлæ уы-
донæй иу дæр нæ загъта: «Цы дæ
хъæуы?», кæнæ «Цæй фæдыл ны-
хас кæныс йемæ?»
**28** Сылгоймаг ныууагъта йæ дон-
хæссæн, ацыд сахармæ æмæ дзуры
адæмæн:
**29** «Рацæут æмæ фенут, æз цы
ракодтон, æппæт уыдæттæ мын
Чи загъта, уыцы Адæймаджы. Уый
Чырысти нæу, цымæ?»
**30** Адæм рацыдысты сахарæй
æмæ араст сты Йесомæ.
**31** Ныр Æм ахуыргæнинæгтæ ба-
хатыдысты: «Равви, бахæр!»
**32** Фæлæ сын Уый загъта: «Мæн-
мæ ис, сымах кæй нæ зонут, ахæм
хойраг».
**33** Уæд Йæ ахуыргæнинæгтæ кæ-
рæдзийæн дзырдтой: «Исчи Йын
æрбахаста хæринаг?»
**34** Йесо сын загъта: «Мæ хойраг
у Мæ Рарвитæджы фæндон æххæст
кæнын æмæ Йæ хъуыддаг кæрон-
мæ саразын.
**35** Сымах афтæ нæ фæзæгъут,
мыййаг, цыппар мæйы ма баззад
хуымгæрдæнтæм, зæгъгæ? Æз та
уын зæгъын: акæсут уæ цæстытæй
æмæ фенут, хуымтæ ныридæгæн
кæрдинаг кæй сты, уый.
**36** Хуымгæрдæг райсы йæ мызд
æмæ хор æмбырд кæны мыггаг-
мæйы цардæн. Афтæмæй тауæг дæр
æмæ хуымгæрдæг дæр иумæ цин
кæндзысты.
**37** Ам раст уыдзæн ацы æмби-
сонд: „Иу тауы, иннæ кæрды“.
**38** Æз уæ арвыстон, сымах кæй
нæ бакуыстат, уый кæрдынмæ. Ин-
нæтæ куыстой, сымах та сын сæ
фæллойæ пайда кæнут».
**39** Цы митæ фæкодта, æппæт уы-
дæттæ йын Йесо кæй загъта, сыл-
гоймаг уый тыххæй куы радзырдта,

**4:22** Ром. 9:5. **4:24** 2 Кор. 3:17; Флп. 3:3. **4:35** Мф. 9:37; Лк. 10:2.

уæд уыцы сахары цæрæг самари-
æгтæй Йесойыл бирæтæ баууæн-
дыдысты.
**40** Самариæгтæ Йæм куы æрцы-
дысты, уæд Ын лæгъстæ кодтой,
куыд сæм афæстиат уа, афтæ. Баз-
зади сæм дыууæ боны.
**41** Æмæ Йын Йæхимæ куы бай-
хъуыстой, уæд Ыл нoджы фылдæр
адæм баууæндыди.
**42** Уыцы сылгоймагæн та дзырд-
той: «Ныр дæ ныхасæй нал æу-
уæндæм, фæлæ Йæм нæхæдæг бай-
хъуыстам æмæ зонæм, Уый æцæгæй
дунейы Ирвæзынгæнæг [Чырысти]
кæй у, уый».

*Паддзахы æлдары фырт сдзæбæх*

**43** Дыууæ боны фæстæ Йесо ра-
цыд уырдыгæй æмæ араст Гали-
леймæ.
**44** Йесо Йæхæдæг дзырдта,
пехуымпар йæ фыдыбæстæйы æгад
у, зæгъгæ.
**45** Галилеймæ куы æрцыд, уæд
Ыл галилейæгтæ сæмбæлдысты æх-
сызгонæй, уымæн æмæ уыдон Иеру-
салимы уыдысты бæрæгбоны æмæ
федтой, Йесо уым цы бакодта, æп-
пæт уыдæттæ.
**46** Йесо ногæй æрцыд, дон сæн
кæм фестын кодта, уыцы галиле-
йаг Канæмæ. Уыцы рæстæг пад-
дзахы æлдæрттæй иуæн йæ фырт
Капернаумы уыди рынчын.
**47** Æмæ Йесо Иудейæйæ Гали-
леймæ кæй æрцыд, уый куы фе-
хъуыста, уæд Æм ацыд æмæ Йын
лæгъстæ кодта æрцæуыны æмæ, мæ-
лæты къахыл чи лæууыд, йæ уыцы
фырты сдзæбæх кæныны тыххæй.
**48** Йесо йын дзуапп радта: «Сы-
мах нæ баууæнддзыстут, æвдисæй-
нæгтæ æмæ диссæгтæ куы нæ фе-
нат, уæд».
**49** Æлдар Ын загъта: «Хицау, æр-
цу, цалынмæ мæ фырт нæ амард,
уæдмæ».
**50** Йесо йын дзуапп радта: «Ацу,
дæ фырт сдзæбæх уыдзæн». Уый
баууæндыд Йесойы ныхасыл æмæ
ацыд.
**51** Фæндагыл йæ цагъартæ фес-
ты йæ размæ æмæ йын загътой:
«Дæ фырт фæдзæбæхдæр».
**52** Уый сæ бафарста: «Кæцы са-
хатыл ын фенцондæр?» Уыдон ын
загътой: «Знон æвдæм сахатыл йæ
тæвд æрхауд».
**53** Уæд фыд базыдта, уый кæй
уыдис, Йесо йын афтæ куы загъта,
дæ фырт сдзæбæх уыдзæни, зæгъ-
гæ, тæккæ уыцы афон. Æмæ бау-
уæндыд йæхæдæг дæр, æмæ йæ хæ-
дзаронтæ иууылдæр.
**54** Афтæ Йесо дыккаг хатт, Иуде-
йæйæ Галилеймæ æрцæугæйæ,
скодта диссаг.

# – 5 –

*Рынчын сдзæбæх*
*Вифездæйы найæны*

**1** Уый фæстæ уыд иудейаг бæ-
рæгбон, æмæ Йесо æрцыд Иерусa-
лиммæ.
**2** Иерусалимы, Фысты кулдуа-
ры цур уыди, дзуттагау Вифездæ*

* [5:2] Хорзæхы хæдзар.

[4:43] Мф. 4:12; Мк. 1:14. [4:44] Мф. 13:57; Мк. 6:4; Лк. 4:24. [4:46] Ин. 2:11.

кæй хуыдтой, ахæм найæн фондз æхгæдсæр тыргъимæ.

**3** Тыргъты хуыссыд бирæ рынчынтæ: куырмытæ, къуылыхтæ æмæ цæнкуылтæ. [Уыдон æнхъæлмæ кастысты доны змæлдмæ –

**4** Хуыцауы зæд-иу рæстæгæй-рæстæгмæ æрцыд найæнмæ æмæ-иу дон сызмæста, æмæ-иу йæ сызмæнтыны фæстæ фыццаг чи ныххызт, уый-иу сдзæбæх цыфæнды низæй дæр.]

**5** Ам уыдис, æстдæс æмæ ссæдз азы рынчын чи уыд, ахæм лæг.

**6** Йесо йæ уым хуысгæйæ куы федта æмæ рагæй кæй у рынчын, уый куы базыдта, уæд ын загъта: «Фæнды дæ, æмæ æнæниз уай?»

**7** Рынчын Ын дзуапп радта: «Ме 'лдар, доны змæсты афон мæ найæнмæ чи ныййиса, ахæм адæймаг мын нæй. Цалынмæ æз ныххизынил фæцархайын, уæдмæ æндæр исчи мæ разæй фæвæййы».

**8** Йесо йын загъта: «Рабад, сис дæ хуыссæн æмæ райдай цæуын».

**9** Уый уайтæккæ сдзæбæх, systа йæ хуыссæн æмæ райдыдта цæуын. Уыцы хъуыддаг æрцыд сабаты.

**10** Æмæ чи сдзæбæх, уыцы адæймагæн иудейтæ дзырдтой: «Абон сабат у, дæ хуыссæн хæссын дын нæ фæччы».

**11** Уый сын дзуапп радта: «Чи мæ сдзæбæх кодта, Уый мын загъта: „Сис дæ хуыссæн æмæ райдай цæуын“».

**12** Уæд æй бафарстой: «Афтæ дын Чи загъта: „Сис дæ хуыссæн æмæ райдай цæуын“, уыцы Адæймаг чи у?»

**13** Чи сдзæбæх, уый та Йæ нæ зыдта, уымæн æмæ Йесо фæци, уым цы бирæ адæм уыди, уыдоны ауон.

**14** Фæстæдæр æй Йесо ссардта Кувæндоны æмæ йын загъта: «Ныр ды сдзæбæх дæ. Тæригъæд мауал ракæн, ноджы фыддæр исты дыл куыд не 'рцæуа, афтæ».

**15** Уыцы лæг ацыд æмæ иудейтæн радзырдта, йе сдзæбæхгæнæг Йесо у, зæгъгæ.

**16** Уæд иудейтæ зилын райдыдтой Йесойы фæдыл, сабаты ахæм хъуыддæгтæ кæй кодта, уый тыххæй.

**17** Йесо та сын загъта: «Мæ Фыд кæддæриддæр хъуыддаг кæны, æмæ Æз дæр кæнын».

**18** Уæд Æй иудейтæ ноджы тынгдæр агуырдтой амарынмæ. Уымæн æмæ Уый канд сабаты æгъдау нæ хæлдта, фæлæ Хуыцауы дæр хуыдта Йæ Фыд æмæ уымæй Йæхи кодта Хуыцауы æмсæр.

*Фырты бартæ*

**19** Уый фæдыл сын Йесо загъта: «Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: Фырт Йæхæдæг ницы кæнын фæразы – Фыды цы гæнгæ уыны, æрмæстдæр уый кæны. Æмæ Фыд цы кæны, Фырт дæр уый аразы.

**20** Фыд уарзы Фырты æмæ Йын æвдисы, Йæхæдæг цы кæны, æппæт уыдæттæ. Фенын Ын кæндзæн ацы хъуыддæгтæй ноджы стырдæртæ, æмæ сымах дисы бафтдзыстут.

**21** Фыд мæрдты куыд райгас кæны æмæ сын цард куыд дætты,

---

[5:18] Ин. 7:30.

афтæ Фырт дæр цард дæтты, кæ-
мæн Æй фæнды, уыдонæн.
**22** Фыд тæрхон дæр никæмæн
кæны, фæлæ æппæт тæрхон ба-
кодта Фырты бар,
**23** Фыды куыд нымайынц, аф-
тæ сеппæт дæр Фырты куыд ныма-
йой. Фырты чи нæ нымайы, уый
Йын Йæ рарвитæг Фыды дæр нæ
нымайы.
**24** Æцæг, æцæг зæгъын сыма-
хæн: Мæ ныхасмæ хъусæгæн æмæ
Мæ Рарвитæгыл æуузндæгæн ис
мыггагмæйы цард æмæ тæрхонгонд
нæ уыдзæн – ныридæгæн мæлæ-
тæй бацыд цардмæ.
**25** Æцæг, æцæг зæгъын сыма-
хæн, æрцæудзæн ахæм афон, æниу,
цæугæ дæр æркодта, æмæ мæрдтæ
фехъусдзысты Хуыцауы Фырты
хъæлæс, æмæ йæ куы фехъусой,
уæд райгас уыдзысты.
**26** Уымæн æмæ Фыд Йæхæдæг
цардæттæг куыд у, афтæ Йæ Фыр-
ты дæр скодта цардæттæг,
**27** Æмæ Йын радта тæрхон кæ-
ныны бар, уымæн æмæ Уый Адæй-
маджы Фырт у.
**28** Ууыл дис ма кæнут. Уымæн
æмæ æрцæуы ахæм рæстæг, æмæ
ингæнты чи ис, уыдон сеппæт дæр
фехъусдзысты Йæ хъæлæс,
**29** Æмæ хæрзгæнджытæ райгас
уыдзысты цæрынмæ, фыдгæнджы-
тæ та – æфхæрд баййафынмæ.
**30** Æз Мæхæдæг ницы кæнын
фæразын. Куыд загъд Мын у, афтæ
тæрхон кæнын, æмæ Мæ тæрхон
раст у, уымæн æмæ Æз тырнын,
Мæхи цы фæнды, уымæ нæ, фæ-
лæ Мæ Рарвитæджы цы фæнды,
уымæ.

### *Йесойы Йæ Фыд рарвыста*

**31** Мæхи тыххæй Мæхæдæг куы
дзурин, уæд Мæ ныхас æцæг нæ
уаид.
**32** Фæлæ Мын ис æндæр Æвди-
сæн, æмæ Æз зонын: Мæн тыххæй
цы зæгъы, уый æцæг у.
**33** Сымах арвыстат Иоаннмæ,
æмæ уый загъта æцæгады тыххæй.
**34** Æниу, Мæн адæймаджы æвди-
сæнады сæр нæ хъæуы, фæлæ йæ
уый тыххæй зæгъын, цæмæй фер-
вæзат.
**35** Иоанн уыди цырагъ – сыгъ-
ди æмæ рухс кодта, сымах та æр-
мæст иуцасдæр фæндыд йæ рухс-
мæ цин кæнын.
**36** Иоанн Мæн тыххæй цы загъ-
та, уымæй та Ме ’вдисæйнаг тых-
джындæр у. Уымæн æмæ Мын Мæ
Фыд цы хъуыддæгтæ бафæдзæхс-
та, Æз уыцы хъуыддæгтæ аразын,
æмæ уыдон æвдисæн сты, Мæ Фыд
Мæ кæй рарвыста, уымæн.
**37** Мæ рарвитæг Фыд Йæхæдæг
загъта Мæн тыххæй. Сымах та Йын
Йæ хъæлæс дæр никуы фехъуыс-
тат, æмæ Йын Йæ цæсгом дæр нæ
федтат,
**38** Æмæ Йæ ныхас уæ зæрдæты
нæй, уымæн æмæ Кæй рарвыста,
Ууыл не ’ууæндут.
**39** Лæмбынæг раиртасут Сыгъ-
дæг Фыст, уымæн æмæ сымах æу-
уæндут йæ фæрцы мыггагмæйы

---

**5:22** Мф. 28:18; Ап. хъ. 17:31; 1 Пет. 4:5. **5:23** 1 Ин. 2:23. **5:28** 1 Кор. 15:52.
**5:29** Мф. 25:46; Æрг. 14:11. **5:30** Мф. 26:39. **5:32** Мф. 3:17. **5:33** Ин. 1:19.
**5:36** Ин. 10:25. **5:37** Мф. 3:17.

цард райсыныл, уый та Мæныл дзурæг у.

**40** Уæддæр уæ нæ фæнды Мæнмæ æрцæуын æмæ мыггагмæйы цард райсын.

**41** Мæн адæмæй кад нæ хъæуы,

**42** Фæлæ уæ зонын: сымах Хуыцауы нæ уарзут.

**43** Æз Мæ Фыды номæй æрцыдтæн, æмæ Мыл не ’ууæндут, фæлæ æндæр исчи куы æрцæуа йæхи номæй, уæд ыл баууæнддзыстут.

**44** Кæд кæрæдзийæ кадмæ æнхъæлмæ кæсут, иунæг Хуыцау цы кад дæтты, уымæ та нæ тырнут, уæд куыд хъуамæ бауужндат?

**45** Афтæ ма банхъæлут, æмæ уæ Æз Мæ Фыды раз зылын кæндзынæн. Ныфсджын кæмæй стут, уыцы Моисей у уæ зылынгæнæг.

**46** Сымах Моисейыл куы æууæндиккат, уæд Мæныл дæр бауужндиккат, уымæн æмæ уый Мæн тыххæй фыста.

**47** Æмæ кæд Моисей цы ныффыста, ууыл не ’ууæндут, уæд Мæ ныхæстыл куыд баууæнддзыстут?»

## — 6 —

*Йесо бафсæста фондз мин лæджы*

**1** Уый фæстæ Йесо ацыд Галилейы, ома, Тивериадæйы, денджызы иннæ фарсмæ.

**2** Йæ фæдыл ацыд бирæ адæм, уымæн æмæ федтой, рынчынты дзæбæх кæнгæйæ кæй равдыста, уыцы диссæгтæ.

**3** Йесо схызт хохмæ æмæ уым бадт Йæ ахуыргæнинæгтимæ.

**4** Æрхæстæг Куадзæн, иудейаг бæрæгбон.

**5** Йесо ракаст, æмæ йæм бирæ адæм кæй цыди, уый куы федта, уæд Филиппæн загъта: «Сæ бафсадынæн кæрдзын кæм балхæнæм?»

**6** Афтæ дзырдта Филиппы бафæлварыны тыххæй. Йæхæдæг та ныридæгæн зыдта, цы бакæндзæн, уый.

**7** Филипп Ын дзуапп радта: «Цæмæй сæ фæйнæ къæбæры фæуа, уый тыххæй дыууæсæдæ динары аргъ кæрдзын дæр не сфаг уыдзæн».

**8** Йæ ахуыргæнинæгтæй Йын иу, Симон Петры æфсымæр Андрей, загъта:

**9** «Ам иу лæппумæ ис хъæбæрхоры фондз кæрдзыны æмæ дыууæ гыццыл кæсаджы. Фæлæ уый цы фаг у утæппæт адæмæн?»

**10** Йесо загъта: «Æрбадын сæ кæнут». Уыцы ран уыди бирæ кæрдæг. Æмæ адæм æрбадтысты; нæлгоймæгтæ уыдысты фондз мины бæрц.

**11** Йесо райста кæрдзынтæ, арфæ ракодта æмæ сæ байуæрста, бадгæ чи кодта, уыдоныл. Кæсаг дæр сын радта, кæй цас хъуыди, уыйбæрц*.

**12** Адæм куы бафсæстысты, уæд Йесо загъта Йæ ахуыргæнинæгтæн:

* 6:11 Фæстæдæры къухфыстыты ацы бынат у афтæ: *Йесо райста кæрдзынтæ, арфæ ракодта æмæ сæ радта ахуыргæнинæгтæм, ахуыргæнинæгтæ та сæ байуæрстой, бадгæ чи кодта, уыдоныл; кæсаг дæр сын радтой, кæй цас хъуыди, уыйбæрц.*

5:40 Ин. 1:11; 3:19. 5:44 Ин. 12:43. 6:5 Мф. 14:16; Мк. 6:35; Лк. 9:12.

«Цы уæлдæйттæ баззад, уыдон æрæмбырд кæнут, куыд ницы дзы фесæфа, афтæ».

**13** Æрæмбырд сæ кодтой, æмæ хъæбæрхоры фондз кæрдзынæй цы баззад, уыдонæй байдзаг кодтой дыууадæс чыргъæды – чи хордта, уыдоны уæлдæйттæ.

**14** Йесо цы диссаг скодта, уый адæм куы федтой, уæд загътой: «Дунемæ æрцæуинаг Чи у, ай æцæг уыцы Пехуымпар у».

**15** Адæм æрбацæуынмæ æмæ Йæ тыххæй паддзахæй сæвæрынмæ кæй хъавынц, Йесо уый куы базыдта, уæд та иунæгæй ацыд хохмæ.

*Йесо къахæй цæуы денджызыл*

**16** Куы баизæр, уæд Йæ ахуыргæнинæгтæ ныццыдысты денджызмæ,

**17** Сбадтысты бæлæгъы æмæ араст сты денджызы иннæ фарсмæ, Капернауммæ. Баталынг, Йесо зынæг та нæма уыд.

**18** Дымдта тыхджын дымгæ æмæ денджыз фæйлыдта.

**19** Фондз æмæ ссæдз – дæс æмæ ссæдз стадийы* бæрц куы ацыдысты, уæд Йесойы федтой денджызыл къахæй цæугæ, бæлæгъмæ хæстæгæй-хæстæгдæргæнгæ, æмæ фæтарстысты.

**20** Фæлæ сын Йесо загъта: «Уый Æз дæн, ма тæрсут».

**21** Фæндыди сæ Уый бæлæгъы сбадын кæнын, фæлæ бæлæгъ уайтæккæ бахæццæ, цы былмæ цыдысты, уырдæм.

*Царды дзул*

**22** Денджызы иннæ былыл цы адæм баззад, уыдонæн дыккаг бон сæ зæрдыл æрлæууыд, знон былыл иунæг бæлæгъ кæй уыди, уый. Уыдон зыдтой: Йесо ахуыргæнинæгтимæ не сбадти уыцы бæлæгъы – иунæгæй ацыдысты.

**23** Уалынмæ Тивериадæйæ æрцæуæг æндæр бæлæгътæ хæстæг бацыдысты, Хицауы арфæйы куывды фæстæ адæм кæрдзын кæм хордтой, уыцы бынатмæ.

**24** Нæдæр Йесо, нæдæр Йæ ахуыргæнинæгтæ ам кæй не сты, уый адæм куы федтой, уæд сбадтысты бæлæгъты æмæ Йесойы агурæг бахæццæ сты Капернауммæ.

**25** Æмæ Йæ денджызы фаллаг фарс куы ссардтой, уæд Ын загътой: «Равви, кæд æрбацыдтæ ардæм?»

**26** Йесо сын дзуапп радта: «Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: диссæгтæ кæй федтат, уый тыххæй Мæ нæ агурут, фæлæ кæрдзын кæй бахордтат æмæ кæй бафсæстыстут, уый тыххæй.

**27** Фесæфæн цы хойрагæн ис, ууыл ма тыхсут, фæлæ тыхсут, фесæфæн кæмæн нæй, мыггагмæйы цард чи дæтты, уыцы хойрагыл. Уыцы хойраг уын ратдзæн Адæймаджы Фырт, уымæн æмæ Йын ахæм бар Фыд-Хуыцау радта».

**28** Уæд Ын загътой: «Нæ хъуыддæгтæ Хуыцауæн фæндон куыд уой, уый тыххæй нын цы гæнгæ у?»

* **6:19** *25-30 стадийы* – 5-6 километры бæрц.

**6:14** Мф. 11:3. **6:17** Мф. 14:22; Мк. 6:47. **6:27** Мф. 3:17; Ин. 1:32; 10:36.

**29** Йесо сын дзуапп радта: «Хуыцау Кæй рарвыста, Ууыл æууæндын – гъе уый у Хуыцауæн фæндон хъуыддаг».

**30** Уæд Ын загътой: «Цавæр диссаг нын равдисдзынæ, цæмæй йæ фенæм æмæ Дыл бауууæндæм? Дæ бон цы бакæнын у?

**31** Нæ фыдæлтæ ӕдзæрæг бæстæйы маннæ хордтой, фыст куыд у, афтæ: „Уæларвæй сын радта дзул хæрынæн“».

**32** Йесо сын загъта: «Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: уæларвæй уын дзул Моисей нæ радта, фæлæ уын уæларвæй Мæ Фыд дæтты æцæг дзул.

**33** Уымæн æмæ уæларвæй чи ӕрцæуы æмæ дунейæн цард чи дæтты, уый у Хуыцауы дзул».

**34** Уæд Ын загътой: «Хицау, дæтт нын кæддæриддæр уыцы дзул».

**35** Йесо сын загъта: «Æз дæн цард‑ы дзул. Мæнмæ æрцæуæг нал сыстонг уыдзæн, æмæ Мæныл æууæндæг мыггагмæ дæр нал сдойны уыдзæн.

**36** Фæлæ уын раздæр куыд загътон, афтæ Мæ кæд федтат, уæддæр не ’ууæндут.

**37** Мæ Фыд Мын кæй дæтты, уый Мæнмæ æрцæудзæн, æмæ Мæнмæ æрцæуæджы нæ фæтæрдзынæн.

**38** Уымæн æмæ Æз уæларвæй æрцыдтæн, Мæхи цы фæнды, уый нæ, фæлæ Мæ Рарвитæджы фæндон æххæст кæнынмæ.

**39** Мæ Рарвитæгæн та фæндон у, цæмæй Уый Мæнæн кæй радта, уыдонæй Æз макæй фесафон, фæлæ сеппæты дæр райгас кæнон фæстаг бон.

**40** Уымæн æмæ Мæ Фыды фæнды, Фырты чидæриддæр уыны æмæ Йыл чидæриддæр æууæнды, уымæн мыггагмæйы цард куыд уа, афтæ. Æмæ йæ Æз фæстаг бон райгас кæндзынæн».

**41** Уæд Ыл иудейтæ райдыдтой хъуыр‑хъуыр кæнын, «Æз уæларвæй æрцæуæг дзул дæн» кæй загъта, уый тыххæй.

**42** Уыдон дзырдтой: «Ай Иосифы фырт Йесо нæу, мыййаг? Йæ фыд æмæ Йын Йæ Мады дæр куы зонæм, уæд Уый куыд зæгъы: „Æз уæларвæй æрцыдтæн“?»

**43** Йесо сын дзуапп радта: «Ма хъуыр‑хъуыр кæнут.

**44** Мæнмæ æрцæуын никæй бон у, Мæ рарвитæг Фыд æй куы нæ æркæна, уæд. Æмæ йæ Æз фæстаг бон райгас кæндзынæн.

**45** Пехуымпартæм фыст у: „Æмæ Хуыцау сеппæты дæр сахуыр кæндзæн“. Фыдæй чи фехъусы æмæ Фыд кæй сахуыр кæны, уый æрцæуы Мæнмæ.

**46** Æз афтæ нæ зæгъын, æмæ Фыды исчи федта. Хуыцауæй Чи у, Фыды æрмæстдæр Уый федта.

**47** Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: Мæныл æууæндæгæн ис мыггагмæйы цард.

**48** Æз дæн царды дзул.

**49** Уæ фыдæлтæ ӕдзæрæг бæстæйы маннæ хордтой, уæддæр амардысты.

---

**6:29** Ин. 17:3; 1 Ин. 3:23. **6:31** 1 Кор. 10:3. **6:35** Ин. 4:14; 7:37. **6:38** Мф. 26:39; Ин. 8:29. **6:39** Ин. 10:28. **6:42** Мф. 13:55. **6:46** Мф. 11:27. **6:49** Ин. 6:31.

**50** Уæларвæй æрцæуæг дзул та
ахæм у, æмæ дзы чи хæра, уымæн
мæлæт нæ уыдзæн.

**51** Æз дæн уæларвæй æрцæуæг
цардддæттæг дзул. Уыцы дзул чи
хæра, уый цæрдзæни мыггагмæ.
Æз цы дзул ратдзынæн, уый та у,
дунейы царды сæраппонд нывон-
дæн кæй æрхæсдзынæн, Мæ уыцы
Буар».

**52** Уæд иудейтæ кæрæдзиимæ
райдыдтой быцæу кæнын: «Ай нын
Йæ Буар куыд ратдзæн хæрынмæ?»

**53** Йесо сын загъта: «Æцæг,
æцæг зæгъын сымахæн: Адæйма-
джы Фырты Буар куы нæ хæрат
æмæ Йын Йæ Тугæй куы нæ нуа-
зат, уæд уæм цард нæ уыдзæн.

**54** Мæ Буар чи хæры æмæ Мæ
Туг чи нуазы, уымæн ис мыггаг-
мæйы цард, æмæ йæ Æз фæстаг
бон райгас кæндзынæн.

**55** Уымæн æмæ Мæ Буар у æцæг
хойраг, Мæ Туг та – æцæг нозт.

**56** Мæ Буар чи хæры æмæ Мæ
Туг чи нуазы, уый баиу Мемæ æмæ
Æз баиу дæн йемæ.

**57** Мæн цардæгас Фыд куыд
рарвыста æмæ Æз Фыды лæвæрд
цардæй куыд цæрын, афтæ Мæн
чи хæры, уый дæр цæрдзæн Мæ
лæвæрд цардæй.

**58** Ахæм у уæларвæй æрцæуæг
дзул. Уæ фыдæлтæ хордтой маннæ
æмæ амардысты; ацы дзул та ахæм
нæу – чи йæ хæра, уый цæрдзæни
мыггагмæ».

**59** Йесо афтæ дзырдта, Капер-
наумы синагогæйы куы амыдта,
уæд.

*Ахуыргæнинæгтæ*
*ныууагътой Йесойы*

**60** Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæ-
тæ уыцы ныхæстæ куы фехъуыс-
той, уæд дзырдтой: «Цы æнахуыр
ныхас кæны! Уыдæттæ хъусын кæй
бон у?»

**61** Ахуыргæнинæгтæ ууыл кæй
хъуыр-хъуыр кодтой, Йесо уый
æнæ зæгъгæйæ дæр зыдта æмæ
сын загъта: «Уый уæ къуылымпы
кæны?

**62** Адæймаджы Фырт раздæр
кæм уыд, уырдæм Æй ссæугæ куы
фенат, уæд та?

**63** Хуыцауы Уд цард дætты,
адæймаг та æдых у. Æз уын цы ны-
хæстæ дзурын, уыдоны цардддæт-
тæг Уды хъару ис.

**64** Фæлæ сымахæй иуæй-иутæ
не 'ууæндынц». Йесо райдианæй
зыдта, Чи Йыл не 'ууæнды, уыдо-
ны, стæй Йыл гадзрахатæй чи ра-
цæудзæн, уый дæр.

**65** Йесо дарддæр загъта: «Гъе, Æз
уын уый тыххæй дзырдтон, Мæн-
мæ æрцæуын никæй бон у, зæгъ-
гæ, Мæ Фыдæй йын лæвæрд куы
нæ уа, уæд».

**66** Уый фæстæ Йæ ныууагътой
Йæ ахуыргæнинæгтæй бирæтæ æмæ
нал цыдысты Йемæ.

**67** Уымæ гæсгæ Йесо загъта
дыууадæсæн: «Сымах дæр фæнды
Мæ ныууадзын?»

**68** Симон Петр Ын дзуапп рад-
та: «Хицау, кæмæ фæцæуæм? Дæу-
мæ сты мыггагмæйы цард дæттæг
ныхæстæ.

6:53 Мф. 26:26. 6:62 Мф. 26:64; Ин. 3:13; Эф. 4:8. 6:63 Ром. 8:2; 2 Кор. 3:6.
6:64 Мк. 2:8; Ин. 2:24. 6:65 Ин. 3:27.

**69** Мах бауырныдта æмæ базыдтам, Ды Хуыцауы Сыгъдæг кæй дæ, уый*».

**70** Йесо сын дзуапп радта: «Уæ дыууадæсы дæр Æз нæ сæвзæрстон, æви? Фæлæ уæ иу хæйрæг у».

**71** Йесо афтæ загъта Симон Искариоты фырт Иудæйы тыххæй. Уымæн æмæ Иудæ Йæ дыууадæс ахуыргæнинагæй иу уыдис, фæлæ Йыл фæстæдæр рацыд гадзрахатæй.

## — 7 —

*Йесо æмæ Йе ’фсымæртæ*

**1** Уый фæстæ Йесо зылди Галилейыл, Иудейæйыл цæуын та Йæ нæ фæндыд, уымæн æмæ Йæ иудейтæ агуырдтой амарынмæ.

**2** Æрхæстæг иудейаг бæрæгбон – Халагъудты бæрæгбон**.

**3** Уæд Йесойæн Йе ’фсымæртæ загътой: «Араст у ардыгæй æмæ ацу Иудейæмæ; уадз æмæ Дæ ахуыргæнинæгтæ дæр феной, Ды цы хъуыддæгтæ кæныс, уый.

**4** Зындгонд уæвын кæй фæнды, уый сусæгæй ницы аразы. Кæд Ды ахæм хъуыддæгтæ кæныс, уæд Дæхи равдис дунемæ».

**5** Суанг Ыл Йе ’фсымæртæ дæр не ’ууæндыдысты.

**6** Йесо сын загъта: «Мæ рæстæг нæма æрцыд, сымахæн та алы афон дæр бæззы.

**7** Сымахæй йе сæфт уынын дунейы бон нæу, Мæнæй та йе сæфт уыны, уымæн æмæ Æз æвдисæн лæууын, йæ хъуыддæгтæ хæрам кæй сты, уымæн.

**8** Сымах ацæут ацы бæрæгбонмæ, Æз та ацы бæрæгбонмæ нæ цæуын, уымæн æмæ Мæ рæстæг нæма ралæууыд».

**9** Йесо сын загъта уыцы ныхæстæ æмæ баззад Галилейы.

*Йесо æрбацыд*
*Халагъудты бæрæгбонмæ*

**10** Фæлæ Йе ’фсымæртæ куы ацыдысты, уæд Уый дæр ацыд бæрæгбонмæ, æрмæст æргомæй нæ, фæлæ Йæ куыд ничи базыдтаид, афтæ.

**11** Иудейтæ та Йæ агуырдтой бæрæгбоны æмæ фарстой: «Кæм ис уыцы Адæймаг?»

**12** Йесойы тыххæй адæм сусæгæй кодтой алы ныхас. Иутæ дзырдтой: «Уый хорз адæймаг у». Иннæтæ та дзырдтой: «Нæ, Уый адæмыл сайдæй цæуы».

**13** Æниу, иудейтæй кæй тарстысты, уымæ гæсгæ Йесойы тыххæй æргомæй ничи ницы дзырдта.

* 6:69 Фæстæдæры къухфыстыты ацы бынат у афтæ: *Мах бауырныдта æмæ базыдтам, Ды Чырысти кæй дæ, цардæгас Хуыцауы Фырт.*

** 7:2 *Халагъудты бæрæгбон* бæрæггонд цыди фæззæджы, тыллæг бафснайыны фæстæ. Бæрæгбоны рæстæг (авд боны) дзуттæгтæ хъуамæ цардаиккой бæлæсты къалиутæй арæзт халагъудты, Моисейы заман сæ фыдæлтæ æдзæрæг бæстæйы халагъудты кæй цардысты, уый мысынæн.

6:69 Мф. 16:16; Мк. 8:29; Лк. 9:20. 6:70 Лк. 6:13. 7:7 Ин. 3:19. 7:12 Ин. 9:16. 7:13 Ин. 12:42.

**14** Бæрæгбон йе 'мбисыл куы уыд, уæд Йесо бацыди Кувæндонмæ æмæ амыдта.

**15** Иудейтæ дисы æфтыдысты æмæ дзырдтой: «Куы никæм ахуыр кодта, уæд Сыгъдæг Фыст куыд зоны?»

**16** Йесо сын дзуапп радта: «Мæ ахуырад Мæнæй нæу, фæлæ Мæ Рарвитæгæй у.

**17** Хуыцауы фæндон æххæст кæнын кæй фæнды, уый базондзæн, ацы ахуырад Хуыцауæй у, æви Æз Мæхи номæй дзурын.

**18** Йæхи номæй дзурæг йæхи кадмæ бæллы. Йæ Рарвитæджы кадмæ Чи бæллы, Ууыл ис æууæндæн – мæнгдзинад Æм нæй.

**19** Моисей уын Æгъдау нæ радта, æви? Æмæ уыцы Æгъдаумæ гæсгæ сымахæй ничи цæры. Цæй тыххæй Мæ хъавут амарынмæ?»

**20** Адæм Ын уый фæдыл загътой: «Хæйрæджджын дæ? Чи Дæ хъавы амарынмæ?»

**21** Йесо сын дзуапп радта: «Æз иу хъуыддаг бакодтон, æмæ сымах уеппæт дæр дисы бафтыдыстут.

**22** Моисей уын радта сунæты æгъдау, æниу, уый Моисейæ нæ, фæлæ уæ рагфыдæлтæй баззад, æмæ сабаты сунæт кæнут адæймагæн.

**23** Кæд Моисейы Æгъдау нæ фехалыны сæраппонд адæймагæн сабаты скæнынц сунæт, уæд Æз сабаты рынчыны къахæй-къухмæ кæй сдзæбæх кодтон, уый тыххæй Мæм смæсты стут?

**24** Уæ тæрхон уæлæнгай ма уæд, фæлæ-иу скæнут æнæхæрам тæрхон».

*Чи у Йесо?*

**25** Уæд иерусалимæгтæй иуæйиутæ дзырдтой: «Марынмæ кæй агурынц, ай Уый нæу?

**26** Мæнæ ныхас кæны æргомæй, æмæ Йын ничи ницы зæгъы. Кæд, мыййаг, хицæуттæ æцæгдæр базыдтой, Чырысти кæй у, уый?

**27** Фæлæ кæцон у, уый мах зонæм. Чырысти та куы æрцæуа, уæд, кæцæй у, уый ничи зондзæн».

**28** Йесо Кувæндоны куы амыдта, уæд хъæлæсыдзагæй загъта: «Зонут Мæ, стæй кæцæй дæн, уый дæр зонут. Æз Мæхи номæй не 'рцыдтæн, фæлæ Мæ Рарвитæгыл ис æууæндæн. Сымах Æй нæ зонут,

**29** Æз та Йæ зонын, уымæн æмæ Æз Уымæй дæн æмæ Мæ Уый рарвыста».

**30** Уæд Æй хъавыдысты æрцахсынмæ, фæлæ Йæм никæй къух батасыд, уымæн æмæ Йæ рæстæг нæма æрцыд.

**31** Адæмæй та Йыл бирæтæ бауæндыдысты æмæ дзырдтой: «Цымæ Чырысти куы æрцæуа, уæд, ацы Адæймаг цы диссæгтæ равдыста, уыдонæй фылдæр равдисдзæн?»

**32** Адæм Йесойы тыххæй афтæ кæй сусу-бусу кæнынц, уый фехъуыстой фарисейтæ. Уæд алчертæ æмæ фарисейтæ арвыстой Кувæндон хъахъхъæнджыты Йе 'рцахсынмæ.

**33** Йесо загъта: «Бирæ нал уыдзынæн уемæ – Мæ Рарвитæгмæ цæуын.

---

**7:16** Ин. 8:28; 12:49; 14:24. **7:17** Ин. 8:47. **7:19** Ин. 5:18. **7:27** Мф. 13:55. **7:28** Ин. 8:42. **7:30** Ин. 8:20. **7:31** Ин. 8:30.

**34** Агурдзыстут Мæ æмæ Мæ не ссардзыстут. Æз кæм уон, уырдæм æрцæуын уæ бон нæ бауыдзæн».

**35** Иудейтæ сæ кæрæдзийæн дзырдтой: «Мах Æй кæм не ссарæм, ахæм ранмæ кæдæм ацæудзæн? Бердзенты æхсæн дзуттæгтæ кæм цæрынц, уырдæм цæуыны æмæ бердзенты ахуыр кæныны фæнд Æм нæй, æви?

**36** Цы ныхæстæ загъта, уыдон цы амонынц: „Агурдзыстут Мæ æмæ Мæ не ссардзыстут“, æмæ „Æз кæм уон, уырдæм æрцæуын уæ бон нæ бауыдзæн“?»

*Йесо зæгъы Сыгъдæг Уды тыххæй*

**37** Бæрæгбоны фæстаг æмæ тæккæ ахсджиагдæр бон Йесо сыстад æмæ хъæлæсыдзагæй загъта: «Дойны кæмæн у, уый Мæм æрцæуæд æмæ баназæд.

**38** Сыгъдæг Фыст куыд амоны, афтæ Мæныл æууæндæджы зæрдæйæ ныггуылф кæндзысты цардæттæг цæугæдæттæ».

**39** Йесо афтæ загъта, Ууыл æууæндджытæ Кæмæй хъуамæ схайджын уыдаиккой, уыцы Сыгъдæг Уды тыххæй. Уæд Сыгъдæг Уды нæма рарвыстæуыд, уымæн æмæ Йесойы намыс нæма раргом.

**40** Йесо цы загъта, уый адæм куы фехъуыстой, уæд дзы иутæ дзырдтой: «Уый æнæмæнг пехуымпар* у».

**41** Иннæтæ дзырдтой: «Уый Чырысти у». Аннæтæ та дзырдтой: «Æмæ Чырысти Галилейæ æрцæудзæн?

**42** Чырысти Давиды байзæддагæй кæй уыдзæн, Давид кæцæй уыди, Вифлеемы уыцы хъæуæй кæй æрцæудзæн, Сыгъдæг Фысты афтæ загъд нæу, æви?»

**43** Æмæ Йесойы тыххæй адæммæ иу хъуыды нал уыд.

**44** Уыдонæй Йæ чидæртæ хъавыдысты æрцахсынмæ, фæлæ Йæм никæй къух батасыд.

*Æнæуырнæг иудейаг хицæуттæ*

**45** Алчертæм æмæ фарисейтæм хъахъхъæнджытæ куы æрбаздæхтысты, уæд сæ бафарстой: «Цæуылнæ Йæ æркодтат?»

**46** Хъахъхъæнджытæ дзуапп радтой: «Ацы Адæймаг куыд дзуры, афтæ никуыма ничи дзырдта».

**47** Фарисейтæ сын загътой: «Ау, сымах дæр асайдта?

**48** Хицæуттæй кæнæ Йыл фарисейтæй исчи бауæндыд?

**49** Ацы æнæфенд адæм та Моисейы Æгъдауæн ницы зонынц, æлгъыст сты».

**50** Фарисейтæй иу, кæддæр Йесомæ чи æрцыд, уыцы Никодим сын загъта:

**51** «Раздæр уал æм куы нæ байхъуыстæуа, цы гæнæг у, уый куы нæ базындæуа, уæд афтæмæй мах Æгъдау тæрхон кæны адæймагæн?»

**52** Уыдон ын загътой: «Ды дæр Галилейæ дæ? Раиртас Фыст æмæ

* [7:40] Ам ныхас цæуы, уыцы заман иудейтæ кæмæ æнхъæлмæ кастысты, уыцы пехуымпарыл.

[7:34] Ин. 13:33. [7:37] Ин. 4:14; Æрг. 22:17. [7:39] Ап. хъ. 2:17, 33. [7:40] Мф. 26:5.
[7:42] Мф. 2:6; Лк. 2:4. [7:43] Ин. 9:16. [7:50] Ин. 3:1.

фендзынæ, Галилейæ пехуымпар кæй нæ уыдзæн, уый».

**53** [Æмæ сеппæт дæр ацыдысты сæ хæдзæрттæм.

# – 8 –

*Хатыр тæригъæдджын сылгоймагæн*

**1** Йесо та ацыд Елеоны хохмæ.

**2** Райсомæй раджы ногæй æрцыд Кувæндонмæ, æмæ æппæт адæм цыдысты Уымæ. Уый æрбадт æмæ сын райдыдта амонын.

**3** Уæд динамонджытæ æмæ фарисейтæ æрбакодтой, хæзгулимæ кæй баййæфтæуыд, уыцы сылгоймаджы, æрлæууын æй кодтой адæмы раз,

**4** Æмæ загътой Йесойæн: «Ахуыргæнæг, ацы сылгоймаджы баййæфтæуыд хæзгулимæ.

**5** Моисей нын Æгъдауы ахæм сылгоймæгты дуртæй марын бафæдзæхста. Ды та цы зæгъдзынæ?»

**6** Афтæ Йæ ракъахыны тыххæй фарстой, цæмæй Йæм исты ссарой фæзылын кæнынæн. Йесо та æргуыбыр кодта æмæ Йе 'нгуылдзæй фыста зæххыл.

**7** Фæлæ Йæ куы нал æмæ куы нал уагътой, уæд сæм скаст æмæ загъта: «Сымахæй тæригъæды æфтыд чи нæу, уый йыл фыццаг ныццæвæд дур».

**8** Æмæ та ногæй æргуыбыр кодта æмæ фыста зæххыл.

**9** Уыцы ныхæстæ куы фехъуыстой, уæд уыдонæн се 'фсарм райдыдта тæрхон кæнын æмæ, хистæртæй райдайгæйæ, иу иннæйы фæдыл сæхи айстой. Уым ма базад æрмæстдæр Йесо æмæ сылгоймаг Йæ разы.

**10** Йесо скаст æмæ сылгоймагæн загъта: «Хорз ус, цы фесты уыцы адæм? Тæрхон дын ничи рахаста?»

**11** Уый дзуапп радта: «Ничи, ме 'лдар!» Йесо йын загъта: «Æз дæр дын тæрхон нæ хæссын. Ацу æмæ ныръæй фæстæмæ тæригъæд мауал ракæн».]

*Йесо – дунейæн рухс*

**12** Йесо дарддæр дзырдта адæмæн: «Æз дунейæн рухс дæн. Мæ фæдыл чи рацæуа, уый талынджы нæ цæрдзæн, фæлæ йæм уыдзæн царды рухс».

**13** Уæд Ын фарисейтæ загътой: «Дæхи тыххæй Дæхæдæг дзурыс, æмæ Дæ ныхас æцæг нæу».

**14** Йесо сын дзуапп радта: «Кæд Мæхи тыххæй Мæхæдæг дзурын, уæддæр Мæ ныхас æцæг у, уымæн æмæ кæцæй æрцыдтæн æмæ кæдæм цæуын, уый Æз зонын. Сымах та нæ зонут, Æз кæцæй æрцыдтæн æмæ кæдæм цæуын, уый.

**15** Сымах тæрхон кæнут адæймаджы цæстæй кæсгæйæ. Æз та никæмæн тæрхон кæнын.

**16** Фæлæ кæд Æз тæрхон кæнын, уæддæр Мæ тæрхон раст у, уымæн æмæ Æз иунæг нæ дæн – Мæ рарвитæг Фыд Мемæ ис.

**17** Æмæ уæ Æгъдауы дæр фыст ис, дыууæ адæймаджы æвдисæнад раст у, зæгъгæ.

**18** Æз дзурын Мæхи тыххæй, Мæн тыххæй зæгъы Мæ рарвитæг Фыд дæр».

---

**8:12** Ин. 1:5; 9:5; 1 Ин. 1:5. **8:17** Мф. 18:16; Дзут. 10:28.

**19** Уæд Æй бафарстой: «Кæм ис Дæ Фыд?» Йесо дзуапп радта: «Сымах нæдæр Мæн зонут, нæдæр Мæ Фыды. Мæн куы зониккат, уæд Мæ Фыды дæр зониккат».

**20** Йесо ацы ныхæстæ загъта, Кувæндоны хæзнавæрæны цур куы амыдта, уæд. Фæлæ Йæ ничи æрцахста, уымæн æмæ Йæ рæстæг нæма æрцыд.

**21** Йесо сын ногæй загъта: «Æз цæуын, агурдзыстут Мæ, фæлæ амæлдзыстут уæ тæригъæдимæ. Æз кæдæм цæуын, уырдæм æрцæуын уæ бон нæ бауыдзæн».

**22** Уæд иудейтæ дзырдтой: «Ау, Йæхи амардзæн, афтæ куы зæгъы: „Æз кæдæм цæуын, уырдæм æрцæуын уæ бон нæ бауыдзæн“?»

**23** Йесо сын загъта: «Сымах дæллæгтæй стут, Æз та – уæллæгтæй. Сымах ацы дунейæ стут, Æз та ацы дунейæ нæ дæн.

**24** Гъе, Æз уын уымæ гæсгæ загътон, сымах амæлдзыстут уæ тæригъæдтимæ, зæгъгæ. Уымæн æмæ ÆЗ ДÆН*, æмæ ууыл куы нæ бауæндат, уæд амæлдзыстут уæ тæригъæдтимæ».

**25** Уæд Æй бафарстой: «Ды чи дæ?» Йесо сын загъта: «Æз Чи дæн, уый тыххæй уын райдианæй дзурын.

**26** Мæ бон у сымах тыххæй бирæ зæгъын æмæ уын тæрхон кæнын. Фæлæ Мæ Рарвитæгыл ис æууæндæн, æмæ Æз Уымæй цы фехъуыстон, æрмæст уый дзурын дунейæн».

**27** Йесо сын Йæ Фыды тыххæй кæй дзырдта, уый нæ бамбæрстой.

**28** Уæд сын Йесо загъта: «Адæймаджы Фырты уæлæмæ куы сисат, уæд базондзыстут: ÆЗ ДÆН, Мæхи номæй ницы кæнын, фæлæ зæгъын, Мæ Фыд Мын цы бацамыдта, уый.

**29** Мæ Рарвитæг Мемæ ис, иунæгæй Мæ нæ ныууагъта, уымæн æмæ Йын фæндон цы у, Æз кæддæриддæр уый кæнын».

**30** Йесо ацы ныхæстæ куы загъта, уæд Ыл бирæтæ бауæндыдысты.

### *Æцæг сæрибардзинад*

**31** Уæд Ыл цы иудейтæ бауæндыд, уыдонæн Йесо загъта: «Мæ ныхасмæ гæсгæ куы цæрат, уæд æцæг Мæ ахуыргæнинæгтæ уыдзыстут,

**32** Æмæ базондзыстут æцæгад, æмæ уæ æцæгад ссæрибар кæндзæн».

**33** Йесойæн загътой: «Мах Авраамы байзæддаг стæм æмæ цагъартæ никуы никæмæн уыдыстæм. Уæд Ды куыд зæгъыс: „Ссæрибар уыдзыстут“?»

* [8:24] *ÆЗ ДÆН* (стæй 8:28, 58; 13:19), дзуттагау «Эхйе» – Хуыцауы ном, æргомгонд æрцыди Моисейæн (Рац. 3:13-14). Уый амоны, иу Хуыцауы йеддæмæ кæй нæй æндæр Хуыцау; нæй Йын райдайæн æмæ кæрон, Йæ æрдзыхъæд нæ ивы, алкæмæн дæр царддæттæг у. Зæгъæн ис, æмæ дзырд «Эхйе»-йæ рацыди Хуыцауы ном, дзуттагау «ЙХВХ» кæй фыстой, уый (дзургæ та йæ, æвæццæгæн æмæ, кодтой «Йахве»; фæстæдæр æй Европæйы ахуыргæндтæ рæдыдæй дзурын райдыдтой «Иегъова»).

[8:21] Ин. 13:33. [8:23] Ин. 3:31; Кол. 3:1. [8:28] Ин. 7:16; 12:32. [8:32] Ром. 6:14.

**34** Йесо сын дзуапп радта: «Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: тæригъæды чи æфты, уый тæригъæды цагъар у.

**35** Цагъар йæ хицауы хæдзары мыггагмæ нæ цæры, фырт дзы цæры мыггагмæ.

**36** Уæдæ Фырт сымах куы ссæрибар кæна, уæд уыдзыстут æцæг сæрибар.

**37** Æз зонын, Авраамы байзæддаг кæй стут, уый. Уæддæр Мæ хъавут амарынмæ, уымæн æмæ уæм Мæ дзырд нæ хъары.

**38** Æз Мæ Фыдмæ цы федтон, уый дзурын. Сымах дæр уæ фыдæй цы фехъуыстат, уый кæнут».

**39** Дзуапп Ын радтой: «Нæ фыд Авраам у». Йесо сын загъта: «Сымах Авраамы цот куы уаиккат, уæд Авраамы хъуыддæгтæ кæниккат.

**40** Сымах та Мæн, Хуыцауæй æцæгад фехъусæг æмæ уын æй радзурæг Адæймаджы, амарынмæ хъавут. Авраам афтæ нæ кодта.

**41** Сымах уæ фыды хъуыддæгтæ нæ уадзут». Уæд Ын загътой: «Мах дзæгъæлзад не стæм. Иу Фыд нын ис – Хуыцау».

**42** Йесо сын загъта: «Хуыцау уæ Фыд куы уаид, уæд Мæ уарзиккат, уымæн æмæ Æз Хуыцауæй рацæугæ дæн æмæ ардæм æрцыдтæн. Æз Мæхи номæй не 'рцыдтæн, фæлæ Мæ Уый рарвыста.

**43** Æз цы зæгъын, уый цæуылнæ æмбарут? Уымæн æмæ Мæ ныхасмæ хъусын нæ фæразут.

**44** Уæ фыд хæйрæг у, æмæ уæ фыды зæрдæ цы зæгъы, уый кæнын уæ фæнды. Уый райдианæй лæгмар уыди, æцæгад æм нымады дæр нæ уыд, уымæн æмæ йæм æцæгад нæй. Уый мæнг куы фæзæгъы, уæд йæ кæнон фæкæны, уымæн æмæ у мæнгард æмæ мæнгарддзинады фыд.

**45** Æз та æцæг кæй зæгъын, уый тыххæй Мыл не 'ууæндут.

**46** Сымахæй Мын Мæ цæстмæ тæригъæд чи бадардзæн? Фæлæ кæд Æз æцæг зæгъын, уæд Мыл цæуылнæ æууæндут?

**47** Хуыцауæй чи у, уый Хуыцауы ныхæстæм хъусы. Сымах та Хуыцауæй кæй не стут, уый тыххæй нæ хъусут».

### *«ÆЗ ДÆН»*

**48** Иудейтæ Йын загътой: «Ды самариаг æмæ хæйрæдджын кæй дæ, уымæй раст нæ зæгъæм, æви?»

**49** Йесо дзуапп радта: «Æз хæйрæдджын нæ дæн, фæлæ Мæ Фыды нымайын, сымах та Мæ æгад кæнут.

**50** Фæлæ Æз Мæхицæн намысмæ нæ тырнын. Ис Мæнæн намысмæ Тырнæг – Уый тæрхонгæнæг у.

**51** Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: Мæ ныхас чи сæххæст кæна, уый мыггагмæ дæр мæлæт нæ фендзæн».

**52** Иудейтæ Йын загътой: «Ныр мах зонæм, Ды хæйрæдджын кæй дæ, уый. Авраам дæр æмæ пехуымпартæ дæр амардысты, Ды та зæгъыс: „Мæ ныхас чи сæххæст кæна, уый мыггагмæ дæр мæлæт нæ фендзæн“.

**53** Ау, нæ фыдæл Авраам дæр ма куы амард, уæд Ды уымæй уæлдæр

8:39 Ром. 4:16. 8:44 1 Ин. 3:8. 8:47 Ин. 10:27; 1 Ин. 4:6.

дæ? Æмæ пехуымпартæ дæр куы
амардысты. Дæхицæй цы аразыс?»
**54** Йесо дзуапп радта: «Кæд Мæ-
хæдæг Мæхицæн дæн намысгæнæг,
уæд Мæ намыс ницы у. Сымах уæ
Хуыцау Кæй хонут, Мæнæн Мæ
уыцы Фыд у намысгæнæг.
**55** Сымах Æй нæ базыдтат, Æз
та Йæ зонын. Æмæ Йæ нæ зонын,
зæгъгæ, куы зæгъон, уæд сымахау
фæлитой уыдзынæн. Фæлæ Йæ Æз
зонын æмæ æххæст кæнын Йæ
дзырд.
**56** Уæ фыдæл Авраам цин код-
та, Ме 'рцыды бон кæй фендзæн,
ууыл. Федта йæ, æмæ йæ зæрдæ
барухс».
**57** Уæд Ын иудейтæ загътой:
«Дæуыл дæс æмæ дыууиссæдз азы
дæр куы нæма цæуы, уæд Авраамы
федтай?»
**58** Йесо сын загъта: «Æцæг, æцæг
зæгъын сымахæн: Авраамы рай-
гуырды размæ дæр ÆЗ ДÆН».
**59** Уæд систой дуртæ, куыд Ыл сæ
ныццæвой, афтæ. Фæлæ Йесо фæ-
ауuон æмæ рацыд Кувæндонæй*.

## — 9 —

*Æрдзæй куырм цæстæй ракаст*

**1** Йесо фæцæйцыд æмæ федта
æрдзæй куырм адæймаджы.
**2** Йесойы Йæ ахуыргæнинæгтæ
бафарстой: «Равви, тæригъæд чи
ракодта? Йæхи æви йæ ныййар-
джыты тæригъæды аххосæй у æр-
дзæй куырм?»
**3** Йесо дзуапп радта: «Нæдæр йæ-
хæдæг тæригъæд ракодта, нæдæр
йæ ныййарджытæ, фæлæ куырм
у Хуыцауы хъару йыл равдисыны
тыххæй.
**4** Цалынмæ бон у, уæдмæ Мæ
Рарвитæджы хъуыддæгтæ хъуамæ
аразон. Æрцæуы æхсæв, æмæ уæд
ничиуал ницы сараздзæн.
**5** Цалынмæ Æз дунейы дæн, уæд-
мæ Æз дунейæн рухс дæн».
**6** Афтæ зæгъыны фæстæ ату код-
та зæхмæ, сызмæста дзы сыджыт,
змæстæй байсæрста куырмы цæс-
тытæ
**7** Æмæ йын загъта: «Ацу, цæхс
дæ цæсгом Силоамы найæны».
(«Силоам» тæлмацгондæй амоны
«Минæвар».) Уый ацыд, цæхсадта
дзы йæхи, ракаст йæ цæстытæй
æмæ ацыд сæхимæ.
**8** Йæ сыхæгтæ, стæй йæ раздæр
мæгуыргурæй чи уыдта, уыдон
дзырдтой: «Мæгуыргурæй чи бад-
ти, уый нæу, æви?»
**9** Иннæтæ дзырдтой: «Уый у».
Аннæтæ та: «Нæу, фæлæ уый хуы-
зæн у». Йæхæдæг та дзырдта: «Уый
æз дæн».
**10** Уæд æй бафарстой: «Куыд ра-
кастæ дæ цæстытæй?»
**11** Уый дзуапп радта: «Йесо Чи
хуыйны, Уый сызмæста сыджыт,
байсæрста мын дзы мæ цæстытæ
æмæ мын загъта: „Ацу Силоамы на-
йæнмæ æмæ дæхи цæхс“. Æз ацыд-
тæн, мæхи цæхсадтон æмæ мæ цæс-
тытæй ракастæн».

---

* [8:59] Фæстæдæры къухфыстыты ацы бынат у афтæ: *Фæлæ Йесо фæауuон, аив-гъуыдта се 'хсæнты, рацыд Кувæндонæй æмæ афтæмæй аирвæзт.*

---

[9:4] Ин. 4:34; 12:35. [9:5] Ин. 1:5; 8:12. [9:6] Ин. 11:37.

**12** Уæд ын загътой: «Кæм ис уыцы Адæймаг?» Уый сын дзуапп радта: «Нæ зонын».

*Фарисейтæ иртасынц хъуыддаг*

**13** Уæд раздæры куырмы акодтой фарисейтæм.

**14** Йесо сыджыт куы сызмæста æмæ йын дзы йæ цæстытæ куы байсæрста, уæд сабат уыд.

**15** Йæ цæстытæй куыд ракаст, уымæй йæ фарисейтæ дæр бафарстой. Уый сын загъта: «Уыцы Адæймаг мын сыджыты змæст æрæвæрдта мæ цæстытыл, æз мæхи цæхсадтон æмæ райдыдтон уынын».

**16** Уæд фарисейтæй иуæй-иутæ загътой: «Уыцы Адæймаг Хуыцауæй нæу, уымæн æмæ халы сабаты æгъдау». Иннæтæ дзырдтой: «Тæригъæдджын адæймаджы бон ахæм диссæгтæ кæнын куыд у?» Æмæ сæм иу хъуыды нал уыд.

**17** Уæд та ногæй загътой куырмæн: «Ды та уыцы Адæймаджы тыххæй цы зæгъдзынæ? Дæ цæстытæй дæ куы ракæсын кодта». Дзуапп сын радта: «Уый пехуымпар у».

**18** Куырм кæй уыд æмæ йæ цæстæй кæй ракаст, уый иудейты уæддæр нæ уырныдта. Уымæ гæсгæ йын басидтысты йæ ныййарджытæм,

**19** Æмæ сæ бафарстой: «Æрдзæй куырм у, зæгъгæ, кæмæй зæгъут, ай уæ уыцы фырт нæу? Ныр цæстæй куыд ракаст?»

**20** Йæ ныййарджытæ сын дзуапп радтой: «Ай нæ фырт кæй у, æмæ æрдзæй куырм кæй рахаста, уый зонæм.

**21** Ныр цæстæй куыд ракаст æмæ йын йæ цæстытæ чи байгом кодта, уый та нæ зонæм. Йæхи йын бафæрсут, сывæллон нал у, йæхæдæг зæгъæд йæхи тыххæй».

**22** Йæ ныййарджытæ иудейтæй кæй тарстысты, уымæ гæсгæ радтой ахæм дзуапп. Уымæн æмæ иудейтæн сæ уынаффæ уыд, Йесойы æргомæй Чырыстийыл чи банымайа, уый синагогæйæ ацух кæнын.

**23** Уымæ гæсгæ йæ ныййарджытæ загътой: «Сывæллон нал у, йæхи йын бафæрсут».

**24** Дыккаг хатт дæр фæдзырдтой, раздæр куырм чи уыд, уыцы адæймагмæ æмæ йын загътой: «Раст зæгъ Хуыцауы раз. Мах зонæм, уыцы Адæймаг тæригъæдджын кæй у, уый».

**25** Уæд сын дзуапп радта: «Нæ зонын, Уый тæригъæдджын у æви нæ. Æз иу хъуыддаг зонын – уыдтæн куырм, ныр та кæсын мæ цæстæй».

**26** Ногæй йæ бафарстой: «Уыцы Адæймаг дын цы бакодта? Цы амалæй дæ ракæсын кодта дæ цæстытæй?»

**27** Дзуапп сын радта: «Æз уын загътон, æмæ сымах нæ хъуыстат. Уымæ ма уæ дыккаг хатт хъусын цæй тыххæй фæнды? Æви сымах дæр Йæ ахуыргæнинæгтæ суæвын фæнды?»

**28** Уыдон æй райдыдтой æлгъитын æмæ йын дзырдтой: «Ды дæ Йæ ахуыргæнинаг, мах та Моисейы ахуыргæнинæгтæ стæм.

**29** Моисеимæ Хуыцау кæй ныхас кодта, уый мах зонæм, Ай та кæцæй у, уый нæ зонæм».

9:16 Ин. 7:43. 9:17 Лк. 7:16; Ин. 4:19. 9:22 Ин. 12:42.

**30** Уыцы адæймаг сын дзуапп радта: «Диссаг дæр уый у, æмæ кæцæй у, уый нæ зонут, мæн та цæстæй ракæсын кодта.

**31** Фæлæ тæригъæдджынтæм Хуыцау кæй нæ хъусы, уый нын зындгонд у. Чи Йæ нымайы æмæ Йæ фæндон чи æххæст кæны, Хуыцау уымæ хъусы.

**32** Æрдзæй куырмы йæ цæстæй исчи ракæсын кæна, уый дуне сфæлдисынæй фæстæмæ нæ фехъуыстæуыд.

**33** Уый Хуыцауæй куы нæ уаид, уæд Ын ницы æнтысид».

**34** Уыдон ын загътой: «Дæ райгуырынæй къахæй-къухмæ тæригъæдджын куы дæ, уæд мах ахуыр кæныс?» Æмæ йæ ратардтой.

*Куырм фарисейтæ*

**35** Кæй йæ ратардтой, уый Йесо куы фехъуыста, уæд æй ссардта æмæ йын загъта: «Адæймаджы Фыртыл æууæндыс?»

**36** Уый дзуапп радта: «Уый та чи у, хицау? Зæгъ мын æй, æмæ Йыл æууæндон».

**37** Йесо йын загъта: «Уынгæ дæр Æй фæкодтай, æмæ ныхас дæр Уый кæны демæ».

**38** Уæд уый загъта: «Уырны мæ, Хицау!» – æмæ Йæ разы æрхауд йæ зонгуытыл.

**39** Йесо загъта: «Æз ацы дунемæ тæрхон кæнынмæ æрцыдтæн, куырмытæ сæ цæстæй куыд ракæсой, цæстджынтæ та куырм куыд бауой, афтæ».

**40** Уым цы фарисейтæ уыди, уыдон Æй фехъуыстой æмæ Йын загътой: «Ау, мах дæр куырмытæ стæм?»

**41** Йесо сын загъта: «Сымах куырмытæ куы уаиккат, уæд уæ тæригъæды тыххæй дзуапп дæттын нæ хъæуид. Фæлæ уæхи цæстджынтыл кæй нымайут, уымæ гæсгæ тæригъæдæй сæрибар не стут.

# – 10 –

*Фыййау æмæ дзуг*

**1** Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: уæтæрмæ дуарыл чи нæ бацæуы, фæлæ йæм æндæр ранæй чи бабыры, уый давæг æмæ абырæг у.

**2** Дуарыл бацæуæг та фыстæн сæ фыййау у.

**3** Дуаргæс ын бакæны дуар, æмæ йын фыстæ хъусынц йæ хъæлæс. Уый йæ фыстæм дзуры сæ номæй, æмæ сæ ракæны æддæмæ.

**4** Æмæ йæ фысты иууылдæр æддæмæ куы ракæны, уæд фæцæуы сæ разæй. Фыстæ та фæцæуынц йæ фæдыл, уымæн æмæ йын йæ хъæлæс зонынц.

**5** Æцæгæлоны фæдыл та нæ цæуынц, фæлæ дзы лидзынц, уымæн æмæ æцæгæлоны хъæлæс нæ зонынц».

**6** Йесо сын радзырдта ацы фæсномыг ныхас. Фæлæ сын æй цæй тыххæй радзырдта, уый нæ бамбæрстой.

**7** Уæд сын Йесо ноджыдæр загъта: «Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: Æз дуар дæн фыстæн.

**8** Мæ размæ-иу сæм чи æрцыд, уыдон иууылдæр давджытæ æмæ

---

9:39 Мф. 11:25; 2 Кор. 3:14. 9:41 Ин. 15:22.

абырджытæ уыдысты; фæлæ сæм фыстæ нæ байхъуыстой.

**9** Æз дæн дуар. Мæныл йæ фæндаг кæмæн уа, уый фервæздзæн – бацæудзæн, рацæудзæн æмæ ссардзæн хизæнуат.

**10** Давæг æрмæст адавынмæ, амарынмæ æмæ бабын кæнынмæ æрцæуы. Æз та æрцыдтæн алцæмæй дæр æххæст цард раттынмæ.

**11** Æз дæн хорз фыййау; хорз фыййау йæ цард ратты фысты сæраппонд.

**12** Æххуырст та ахæм нæу, уымæн фыстæ йæхи не сты; бирæгъы æрцæугæ куы фены, уæд ныууадзы фысты, лидзынмæ фæвæййы, бирæгъ аскъæфы фыстæй æмæ сæ ныххæлиу кæны.

**13** Æххуырст алидзы, уымæн æмæ æххуырст у æмæ фыстыл нæ мæт кæны.

**14** Æз хорз фыййау дæн, Æз зонын Мæ фысты, Мæ фыстæ дæр Мæ зонынц.

**15** Мæн Мæ Фыд куыд зоны, Æз дæр Мæ Фыды афтæ зонын, æмæ Мæ цард дæттын фысты сæраппонд.

**16** Ацы уæтæрæй чи нæу, ис Мын ахæм фыстæ дæр, æмæ уыдоны дæр хъуамæ æрхонон. Уыдон дæр фехъусдзысты Мæ хъæлæс, æмæ уыдзæн иу дзуг æмæ иу Фыййау.

**17** Мæ Фыд Мæ уый тыххæй уарзы, æмæ Æз дæттын Мæ цард, цæмæй йæ фæстæмæ райсон.

**18** Ничи Мын æй исы, фæлæ йæ Æз Мæхæдæг дæттын. Мæ бар у йæ раттын дæр æмæ Мæ бар у фæстæмæ йæ райсын дæр. Афтæ Мын бафæдзæхста Мæ Фыд».

**19** Ацы ныхæсты тыххæй дæр та иудейтæм иу хъуыды нал уыд.

**20** Уыдонæй бирæтæ дзырдтой: «Уый хæйрæджджын æмæ сæрхъæн у. Цы йæм хъусут?»

**21** Иннæтæ дзырдтой: «Уыдон хæйрæджджыны ныхæстæ не сты. Хæйрæгæн куырмыты цæстæй ракæсын кæнын йæ бон у?»

*Æнæуырнæг иудейтæ*

**22** Иерусалимы ралæууыд Кувæндон Ссыгъдæг кæныны бæрæгбон*. Уыди зымæг.

**23** Йесо зылди Кувæндоныл, Соломоны тыргъыл.

**24** Уым Ыл æрæмбырд сты иудейтæ æмæ Йын дзырдтой: «Бирæ ма нæ тухæнæй мардзынæ? Кæд Чырысти дæ, уæд нын æй æргом зæгъ».

**25** Йесо сын дзуапп радта: «Æз уын загътон, æмæ уæ нæ уырны. Æз Мæ Фыды номæй цы хъуыддæгтæ кæнын, уыдон Мæныл дзурæг сты.

**26** Фæлæ не ’ууæндут, уымæн æмæ сымах Мæ фыстæй не стут [раздæр уын куыд загътон, афтæ].

**27** Мæ фыстæ хъусынц Мæ хъæлæс, Æз сæ зонын, æмæ уыдон цæуынц Мæ фæдыл.

* **10:22** *Кувæндон Ссыгъдæг кæныны бæрæгбон* бæрæггонд цыди незаманы дыккаг æнусæй фæстæмæ. Иерусалимы Кувæндон уый агъоммæ фæчъизи муртатты къухæй.

**10:11** 1 Пет. 2:25; 5:4. **10:14** 2 Тим. 2:19. **10:18** Ин. 2:19; 14:31. **10:20** Мк. 3:21; Ин. 7:20. **10:25** Ин. 5:36. **10:26** Ин. 8:19; 1 Ин. 4:6.

**28** Æз сын дæттын мыггагмæйы цард – мыггагмæ дæр сын мæлæт нæ уыдзæн, æмæ сæ Мæ къухæй ничи аскъæфдзæн.

**29** Уыдон Мын Чи радта, Мæ уыцы Фыдæй уæлдæр нæй. Æмæ сæ Мæ Фыды къухæй аскъæфын никæй бон у.

**30** Æз æмæ Мæ Фыд иу стæм».

**31** Иудейтæ ногæй фелвæстой дуртæ Йæ амарыны тыххæй.

**32** Йесо сын загъта: «Æз уын бирæ хорз хъуыддæгтæ фенын кодтон Мæ Фыдæй. Уыдонæй Мæ кæцыйы тыххæй хъавут дуртæй амарынмæ?»

**33** Иудейтæ Йын дзуапп радтой: «Хорз хъуыддæгты тыххæй Дæ нæ хъавæм дуртæй амарынмæ, фæлæ Ды, адæймаг, Дæхицæй Хуыцау кæй аразыс æмæ уымæй Хуыцауы кæй фауыс, уый тыххæй».

**34** Йесо сын загъта: «Уæ Æгъдауы афтæ фыст нæй: „Æз загътон: сымах хуыцæуттæ стут"?

**35** Хуыцауы ныхас кæмæн лæвæрд уыд, кæд Хуыцау уыдоны хуыцæуттæ схуыдта, æмæ Сыгъдæг Фыстæн аивæн нæй,

**36** Уæд Фыд Кæй сæвзæрста æмæ дунемæ Кæй рарвыста, Уымæн зæгъут: „Хуыцауы фауыс", „Æз Хуыцауы Фырт дæн" кæй загътон, уый тыххæй?

**37** Мæ Фыд цы хъуыддæгтæ кæны, кæд Æз дæр уыцы хъуыддæгтæ нæ кæнын, уæд Мыл ма æууæндут.

**38** Фæлæ кæд Æз Мæ Фыды хъуыддæгтæ кæнын æмæ Мыл уæддæр не 'ууæндут, уæд æууæндут Мæ хъуыддæгтыл, Æз Мæ Фыдимæ иу кæй дæн æмæ Мæ Фыд Мемæ иу кæй у, уый куыд базонат æмæ бамбарат, афтæ».

**39** Уæд та Йæ ногæй хъавыдысты æрцахсынмæ, фæлæ Уый сæ къухы нæ бафтыд.

**40** Æмæ та ногæй ацыд Иорданы иннæ фарсмæ, Иоанн раздæр кæм аргъуыдта, уыцы бынатмæ æмæ уым фæци иуцасдæр.

**41** Æрцыдис Æм бирæ адæм æмæ дзырдтой, зæгъгæ, Иоанн диссæгтæ нæ равдыста, фæлæ ацы Адæймаджы тыххæй цыдæриддæр загъта, уый æцæг у.

**42** Æмæ Йесойыл уым бирæтæ бауæндыдысты.

# – 11 –

*Лазыры мæлæт*

**1** Иу адæймаг, йæ ном Лазыр, уыди рынчын. Уый уыди, Мариа йæ хо Марфæимæ кæм царди, Вифанийы уыцы хъæуæй.

**2** Мариа та уыди, Хицау Йесойы хæрздæфгæнæнæй чи байсæрста æмæ Йын Йæ къæхтæ йæ дзыккутæй чи ныссæрфта, уыцы сылгоймаг. Нырйе 'фсымæр Лазыр уыди рынчын.

**3** Хотæ арвыстой Йесойæн зæгъынмæ: «Хицау, Ды кæй уарзыс, уый рынчын у».

**4** Йесо уый куы фехъуыста, уæд загъта: «Уыцы низ мæлæтмæ нæ кæны, фæлæ Хуыцауы кадæн у, цæмæй уый руаджы скадджын уа Хуыцауы Фырт».

---

10:31 Ин. 5:18. 10:36 Ин. 6:27. 10:38 Ин. 14:10; 17:21. 10:40 Ин. 1:28. 10:41 Ин. 5:33.
11:4 Ин. 9:3.

**5** Йесо уарзта Марфæйы, йæ хо Мариайы æмæ Лазыры.

**6** Фæлæ Лазыр рынчын кæй у, Йесо уый куы фехъуыста, уæд кæм уыдис, уым ма афæстиат дыууæ боны.

**7** Уый фæстæ загъта ахуыргæнинæгтæн: «Ногæй ацæуæм Иудейæмæ».

**8** Ахуыргæнинæгтæ Йын загътой: «Равви, æрæджы дæр ма Дæ иудейтæ дуртæй амарынмæ хъавыдысты, æмæ та ногæй уырдæм цæуыс?»

**9** Йесо дзуапп радта: «Боны дыууадæс сахаты нæй? Боныгон чи цæуы, уый нæ кæлы, уымæн æмæ уыны ацы дунейы рухс.

**10** Æхсæвыгон чи цæуы, уый та фæкæлы, уымæн æмæ йæм рухс нæй».

**11** Уыцы ныхæстыл ма Йесо бафтыдта: «Нæ хæлар Лазыр бафынæй, фæлæ Æз цæуын йæ райхъал кæнынмæ».

**12** Йæ ахуыргæнинæгтæ Йын загътой: «Хицау, кæд фынæй баци, уæд сдзæбæх уыдзæн».

**13** Йесо сын Лазыры мæлæты тыххæй дзырдта, уыдон та афтæ æнхъæл уыдысты, цыма Уый хуымæтæг фынæйы тыххæй зæгъы.

**14** Уæд сын Йесо æргомæй загъта: «Лазыр амард.

**15** Æмæ Æз уым кæй нæ уыдтæн, ууыл сымах тыххæй цин кæнын, уымæн æмæ бауууæнддзыстут. Ныр та йæм ацæуæм».

**16** Уæд фæсномыгæй Фаззон чи хуынд, уыцы Фома иннæ ахуыргæнинæгтæн загъта: «Цом æмæ мах дæр Йемæ амæлæм».

*Йесо ныфс æввæры хотæн*

**17** Йесо куы æрцыд, уæд базыдта, Лазыр цыппар боны зæппадзы кæй ис, уый.

**18** Вифани та Иерусалиммæ хæстæг уыд, фынддæс стадийы* бæрц.

**19** Æмæ иудейтæй бирæтæ æрцыдысты Марфæ æмæ Мариамæ се ’фсымæры мæлæты фæдыл сын ныфсытæ æвværынмæ.

**20** Йесо кæй æрбацæуы, уый Марфæ куы фехъуыста, уæд ацыд Йæ размæ. Мариа та хæдзары уыд.

**21** Марфæ загъта Йесойæн: «Хицау, Ды ам куы уыдаис, уæд ме ’фсымæр нæ амардаид.

**22** Фæлæ ныр дæр зонын: Ды Хуыцауæй цы ракурай, уый Дын ратдзæн».

**23** Йесо йын загъта: «Де ’фсымæр райгас уыдзæн».

**24** Марфæ Йын загъта: «Фæстаг бон, мæрдты райгасы бон, кæй райгас уыдзæн, уый зонын».

**25** Йесо йын загъта: «Æз дæн мæрдтæй æгасгæнæг æмæ царддæттæг. Мæныл чи æууæнды, уый куы амæла, уæддæр райгас уыдзæн.

**26** Мæныл æууæндæг кæцыфæнды цардæгас уд мыггагмæ дæр нæ амæлдзæн. Уырны дæ?»

**27** Марфæ Йын дзуапп радта: «О, Хицау! Дунемæ Чи хъуамæ æрцæуа, Ды Хуыцауы уыцы Фырт Чырысти кæй дæ, уый мæ уырны».

* 11:18 *15 стадийы* — 3 километры бæрц.

11:8 Ин. 10:31. 11:9 Ин. 9:4. 11:10 Ин. 12:35. 11:27 Мф. 16:16.

**28** Уый зæгъыны фæстæ Марфæ ацыд æмæ сусæгæй басидт йæ хо Мариамæ: «Ахуыргæнæг ам ис æмæ дæм дзуры».

**29** Мариа уый куы фехъуыста, уæд æвæстиатæй фестад æмæ ацыд Йесомæ.

**30** Йесо хъæумæ нæма бахæццæ, фæлæ уыди, Марфæ Йыл кæм фембæлд, уыцы ран.

**31** Мариаимæ хæдзары чи уыд æмæ йын ныфсытæ чи æвæрдта, уыцы иудейтæ йæ æвæстиатæй сыстгæ æмæ рацæугæ куы федтой, уæд араст сты йæ фæдыл. Уыдон æнхъæл уыдысты, зæппадзмæ кæуынмæ ацыди, зæгъгæ.

**32** Йесо кæм уыд, Мариа уырдæм куы æрцыд æмæ Йæ куы федта, уæд Ын æрхауд Йæ къæхтæм æмæ Йын загъта: «Хицау, Ды ам куы уыдаис, уæд ме 'фсымæр нæ амардаид».

**33** Мариайы æмæ йемæ æрцæуæг иудейты Йесо кæугæ куы федта, уæд Йæ зæрдæ суынгæг, скатай

**34** Æмæ бафарста: «Кæм æй бавæрдтат?» Уæд Ын загътой: «Хицау, рацу æмæ фен».

**35** Йесойæн йæ цæссыгтæ æркалдысты.

**36** Уæд иудейтæ дзырдтой: «Кæсма, куыд æй уарзта!»

**37** Уыдонæй иуæй-иутæ та загътой: «Куырмæн йæ цæстытæ Чи байгом кодта, Уымæн Йæ бон нæ бауыдаид, цæмæй ацы адæймаг ма амæла?»

*Лазыр райгас*

**38** Йесойы зæрдæ та суынгæг, афтæмæй æрцыд зæппадзмæ. Уый уыди лæгæт, йæ бацæуæныл ын бафæлдæхтæуыд дур.

**39** Йесо загъта: «Айсут дур». Марды хо Марфæ Йын загъта: «Хицау, мард ныридæгæн смаг кæны. Ныр цыппар боны ис зæппадзы».

**40** Йесо йын загъта: «Нæ дын загътон, куы дæ уырна, уæд Хуыцауы намыс фендзынæ, зæгъгæ?»

**41** Айстой дур. Йесо скаст уæларвмæ æмæ загъта: «Мæ Фыд, бузныг дæн Дæуæй, кæй Мæ хъусыс, уый тыххæй.

**42** Ды Мæ кæддæриддæр кæй фехъусдзынæ, уый Æз зыдтон, фæлæ ай загътон, ам цы адæм ис, уыдоны тыххæй, цæмæй бауæндой, Ды Мæ кæй рарвыстай, ууыл».

**43** Уыцы ныхæсты фæстæ Йесо хъæрæй загъта: «Лазыр, æддæмæ рацу!»

**44** Æмæ мард рацыд, йæ къухтæ æмæ йæ къæхтæ – мæрддзаг хæцъилтæй тыхт, йæ цæсгом – сæрæмбæрзæнæй баст. Йесо сын загъта: «Райхалут æй æмæ ацæуа».

*Сусæгвæнд Йесойы ныхмæ*

**45** Уæд Мариамæ чи æрцыд æмæ Йесо цы бакодта, уый чи федта, уыцы иудейтæй Йыл бирæтæ бауæндыдысты.

**46** Сæ иуæй-иутæ та ацыдысты фарисейтæм æмæ сын радзырдтой, Йесо цы бакодта, уый тыххæй.

**47** Уæд алчертæ æмæ фарисейтæ æрæмбырд кодтой синедрион æмæ загътой: «Цы гæнгæ нын у? Ацы Адæймаг бирæ диссæгтæ æвдисы.

---

11:37 Ин. 9:6. 11:47 Мф. 26:3; Мк. 14:1.

**48** Афтæ Йæ куы ныууадзæм, уæд Ыл сеппæт дæр баууæнддзысты. Æмæ æрцæудзысты ромæгтæ æмæ фесафдзысты нæ ацы бынат дæр æмæ нæ адæмы дæр».

**49** Уыдонæй иу, Каиафæ, уыцы аз алчер уыд. Æмæ сын уый загъта: «Сымах ницы зонут

**50** Æмæ не 'мбарут, æппæт адæмы фесафыны бæсты адæмы сæрвæлтау иу адæймаг куы амæла, уæд сымахæн хуыздæр кæй у, уый».

**51** Уый Каиафæйæн уыд йæхи хъуыды нæ, фæлæ пехуымпар ныхас, уымæн æмæ уыцы аз алчер уыд, æмæ рагагъоммæ загъта, Йесо кæй хъуамæ амæла Йæ адæмы сæрвæлтау,

**52** Æмæ æрмæст Йæ адæмы сæрвæлтау нæ, фæлæ ма æрæмбырд æмæ баиу кæна, чи ныххæлиу, Хуыцауы уыцы хъæбулты дæр.

**53** Уыцы бон скодтой Йесойы амарыны фæнд.

**54** Уымæ гæсгæ-иу Йесо æргомæй иудейты æхсæн нал фæзынд, фæлæ уырдыгæй ацыд Эфраиммæ – æдзæрæг бæстæмæ æввахс чи уыди, уыцы сахармæ; æмæ уым уыди Йæ ахуыргæнинæгтимæ.

**55** Æрхæстæг иудейаг Куадзæн, æмæ бæстæйы алы рæттæй бирæтæ Куадзæны размæ æрцыдысты Иерусалиммæ сæхи ссыгъдæг кæнынмæ.

**56** Уæд агуырдтой Йесойы æмæ Кувæндоны дзырдтой сæ кæрæдзийæн: «Куыд уæм кæсы, Йесо бæрæгбонмæ не 'рцæудзæн?»

**57** Алчертæ æмæ фарисейтæ та радтой бардзырд: Йесо кæм ис, уый исчи куы базона, уæд сын фехъусын кæнæд æмæ Йæ æрцахсой.

# – 12 –

### *Йесойы байсæрстæуыди хæрздæфгæнæнæй*

**1** Куадзæнæй æхсæз боны раздæр Йесо æрцыд Вифанимæ, мæрдтæй кæй райгас кодта, уыцы Лазыр кæм царди, уырдæм.

**2** Уым Ын æрæвæрдтой фынг. Марфæ кодта кæстæриуæг, Лазыр та уыд, Йесоимæ фынгыл чи бадти, уыдоны æхсæн.

**3** Мариа та райста, нард цы зайæгой хонынц, уымæй ист сыгъдæг æмæ зынаргъ хæрздæфгæнæны джиранка*, байсæрста дзы Йесойы къæхтæ, ныссæрфта Йын сæ йæ дзыккутæй, æмæ хæдзар байдзаг хæрздæфæй.

**4** Уæд Йæ ахуыргæнинæгтæй иу, фæстæдæр Ыл гадзрахатæй чи рацыди, уыцы Иудæ Искариот, загъта:

**5** «Цæуылнæ уыд ацы хæрздæфгæнæнæн æртæсæдæ динарыл ауæйгæнæн æмæ æхцайæн мæгуыртыл байуарæн?»

**6** Уый афтæ мæгуыртыл батыхсыны тыххæй нæ загъта, фæлæ давæг кæй уыд, уый тыххæй: æхцайы лагъз уымæ уыд, æмæ-иу дзы цы нывæрдтой, уымæй-иу систа йæхицæн.

* [12:3] *Джиранка* – 300 граммы бæрц.

[11:52] Ин. 10:16; Эф. 2:13. [11:53] Мф. 21:38. [12:1] Мф. 26:6; Мк. 14:3; Ин. 11:2. [12:2] Лк. 10:40. [12:6] Ин. 13:29.

**7** Йесо загъта: «Ныууадз æй. Мариа Мын ацы хæрздæфгæнæн Мæ ныгæнæн бонмæ бавæрдта.

**8** Мæгуыртæ æдзух уæ фарсмæ сты, Æз та æдзух уемæ нæ уыдзынæн».

*Сусæгвæнд Лазыры ныхмæ*

**9** Йесо уым кæй ис, уый базыдтой иудейтæй бирæтæ æмæ æрцыдысты æрмæст Уый тыххæй нæ, фæлæ мæрдтæй кæй райгас кодта, уыцы Лазыры фенынмæ дæр.

**10** Алчертæ та скодтой Лазыры дæр амарыны фæнд.

**11** Уымæн æмæ-иу иудейтæй бирæтæ æрцыдысты Лазыры тыххæй æмæ-иу бауузндыдысты Йесойыл.

*Йесо æрцыд Иерусалиммæ*

**12** Бæрæгбонмæ цы бирæ адæм æрæмбырд, уыдон дыккаг бон фехъуыстой, Йесо æрбацæуы Иерусалиммæ, зæгъгæ,

**13** Æмæ райстой палмæйы къалиутæ, рацыдысты Йæ размæ æмæ хъæр кодтой: «Осаннæ! Арфæгонд уæд Хуыцауы номæй Æрцæуæг – Израилы Паддзах!»

**14** Йесо та бавдæлд æмæ сбадти къæлæуыл, Сыгъдæг Фыст куыд зæгъы, афтæ:

**15** «Ма тæрс, Сионы чызг! Мæнæ дæ Паддзах фæцæуы къæлæуыл бадгæйæ».

**16** Йæ ахуыргæнинæгтæ уый фыццаг нæ бамбæрстой. Фæлæ Йесо куы снамысджын, уæд сæ зæрдыл æрлæууыд: Йесойы тыххæй Сыгъдæг Фысты афтæ загъд уыди æмæ Йын афтæ бакодтой.

**17** Йесо Лазырмæ зæппадзмæ куы бадзырдта æмæ йæ куы райгас кодта, уæд Йемæ цы адæм уыди, уыдон ныр дзырдтой уыцы цауы тыххæй.

**18** Æмæ адæм рацыдысты Йæ размæ, уымæн æмæ фехъуыстой, уыцы диссаг Йесо бакодта, зæгъгæ.

**19** Фарисейтæ та кæрæдзийæн дзырдтой: «Уынут, куыд ницы уын æнтысы! Æгас дуне Йæ фæдыл цæуы!»

*Йесо зæгъы Йæ мæлæты тыххæй*

**20** Хуыцаумæ кувынмæ бæрæгбоны чи æрцыд, уыдонæй иуæйиутæ бердзентæ уыдысты.

**21** Уыдон бацыдысты, галилейаг Вифсаидæйæ чи уыди, уыцы Филиппмæ æмæ дзы куырдтой: «Хорз лæг, мах Йесойы фенын фæнды».

**22** Филипп ацыд æмæ уый тыххæй загъта Андрейæн. Стæй Филипп æмæ Андрей бацыдысты Йесомæ æмæ Йын загътой уый тыххæй.

**23** Йесо сын дзуапп радта: «Адæймаджы Фыртæн ралæууыд Йæ намысы афон.

**24** Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: мæнæуы нæмыг зæххы куы нæ ныххауа æмæ куы нæ амæла, уæд баззайдзæн иу нæмыгæй. Фæлæ куы амæла, уæд ратдзæн бирæ хор.

**25** Йæ уд чи уарзы, уый йæ фесафдзæн; ацы дунейы йæ уд æнæуынон кæмæн у, уый та йæ бахъахъхъæндзæн мыггагмæйы цардæн.

---

12:13 Мф. 21:8; Мк. 11:8; Лк. 19:36. 12:15 Мф. 21:5. 12:25 Мф. 10:39; Мк. 8:35; Лк. 9:24; 14:27.

**26** Мæнæн чи кусы, уый Мæ фæдыл хъуамæ цæуа, æмæ Æз кæм дæн, уым уыдзæн Мæ кусæг дæр. Мæнæн чи кусы, уыцы адæймагæн скад кæндзæн Мæ Фыд.

**27** Ныр Мæ уд фæтыхст. Æмæ Æз афтæ зæгъон: „Мæ Фыд! Фервæзын Мæ кæн ацы тухæнæй“? Æмæ Æз ацы тухæны тыххæй куы æрцыдтæн.

**28** Мæ Фыд, скадджын кæн Дæ ном!» Уæд уæларвæй æрыхъуысти хъæлæс: «Скадджын æй кодтон æмæ йæ ноджыдæр скадджын кæндзынæн».

**29** Уым цы адæм лæууыд, уыдон уый куы фехъуыстой, уæд иутæ дзырдтой: «Уый æрвнæрд у». Иннæтæ та дзырдтой: «Зæд ныхас кодта Йемæ».

**30** Уæд сын Йесо загъта: «Ацы хъæлæс Мæн тыххæй нæ уыд, фæлæ сымах тыххæй.

**31** Ныр ацы дунейæн ралæууыд йæ тæрхоны бон, æмæ фæтардæуыдзæн ацы дунейы æлдары*.

**32** Æмæ Æз зæххæй уæлæмæ ист куы æрцæуон, уæд сеппæты дæр æркæндзынæн Мæхимæ».

**33** Ацы ныхæстæй Йесо фæсномыгæй загъта, цавæр мæлæтæй амæлдзæн, уый тыххæй.

**34** Адæм Ын дзуапп радтой: «Æгъдауæй зонæм мах, Чырысти мыггагмæ кæй цæрдзæн, уый. Уæд Ды куыд зæгъыс, Адæймаджы Фырты уæлæмæ хъуамæ систæуа, зæгъгæ? Чи у Адæймаджы уыцы Фырт?»

**35** Уæд сын Йесо загъта: «Иуцасдæр рæстæг ма уыдзæн рухс уемæ. Цалынмæ рухс ис, уæдмæ цæут, талынг уæ куыд нæ фæбынæй кæна, уымæн æмæ талынджы цæуæг нæ зоны, кæдæм цæуы, уый.

**36** Цалынмæ рухс уемæ ис, уæдмæ æууæндут рухсыл, цæмæй суат рухсы хъæбултæ». Уый зæгъыны фæстæ Йесо ацыд æмæ фæаууон уыдонæй.

*Иудейтæ не ’ууæндынц*

**37** Бирæ диссæгтæ æвдисгæ федтой Йесойы, фæлæ Йыл уæддæр не ’ууæндыдысты,

**38** Исай-пехуымпар цы загъта, уый куыд сæххæст уа: «Хицау, махæй цы фехъуыстой, ууыл чи бауæндыд, æмæ кæмæн раргом Хицауы хъару?»

**39** Исай загъта, сæ бон цæй тыххæй бауæндын нæ уыд, уый дæр:

**40** «Хуыцау сын бакуырм кодта сæ цæстытæ, сæхгæдта сын сæ зæрдæтæ, цæмæй цæстæй ма феной, зæрдæйæ ма бамбарой, ма раздæхой Мæнмæ æмæ сæ Æз ма сдзæбæх кæнон, зæгъы Хуыцау».

**41** Ацы ныхæстæ Исай загъта, Йесойы намыс кæй федта æмæ Уый тыххæй кæй дзырдта, уымæ гæсгæ.

**42** Æниу, Йесойыл суанг хицæуттæй дæр бирæтæ бауæндыдысты, фæлæ йæ фарисейты тыххæй æмбæхстой, синагогæйæ сæ куы ацух кæной, зæгъгæ.

* [12:31] *Ацы дунейы æлдар* – хæйрæг.

[12:26] Ин. 17:24. [12:27] Мф. 26:38; Дзут. 5:7. [12:31] Ин. 14:30; 16:11. [12:32] Ин. 3:14. [12:34] Лк. 1:33. [12:38] Ром. 10:16. [12:40] Мф. 13:14; Мк. 4:12; Лк. 8:10; Ап. хъ. 28:26; Ром. 11:8.

**43** Уымæн æмæ Хуыцау цы намыс дæтты, уый бæсты равзæрстой зæххон кад.

*Уырнджытæ æмæ æнæуырнджытæ*

**44** Йесо хъæлæсыдзагæй загъта: «Мæныл чи æууæнды, уый, Мæныл æууæндгæйæ, Мæ Рарвитæгыл æууæнды.

**45** Æмæ Мæн чи уыны, уый Мæ Рарвитæджы уыны.

**46** Æз рухс дæн, æмæ æрцыдтæн дунемæ, чидæриддæр Мыл æууæнды, уый талынджы куыд нал уа, афтæ.

**47** Мæ ныхæстæ чи фехъуса æмæ сæ чи не 'ххæст кæна, уымæн Æз тæрхон нæ кæнын. Æз дунейæн тæрхон кæнынмæ не 'рцыдтæн, фæлæ йæ фервæзын кæнынмæ.

**48** Мæныл йæхи чи тигъ кæны æмæ Мæ ныхæстæ кæмæ нæ хъарынц, уымæн ис тæрхонгæнæг: Мæ ныхас ын тæрхон кæндзæн фæстаг бон.

**49** Уымæн æмæ Æз Мæхи номæй нæ дзырдтон, фæлæ цы зæгъон æмæ куыд зæгъон, уый Мын Мæ рарвитæг Фыд бафæдзæхста.

**50** Æмæ Æз зонын, Йæ фæдзæхст мыггагмæйы цардмæ кæй кæны, уый. Уæдæ Æз дзурын, Мæ Фыд Мын цы загъта, уый».

# – 13 –

*Йесо цæхсадта ахуыргæнинæгты къæхтæ*

**1** Æрæввахс Куадзæн. Йесо зыдта, кæй ралæууыди ацы дунейæ Фыдмæ Йæ ацæуыны афон. Уый уарзта йæхионты ацы дунейы, бауарзта сæ кæронмæ.

**2** Уыцы рæстæг хæйрæг ныридæгæн Симон Искариоты фырт Иудæйы зæрдæйы нывæрдта Йесойы ауæй кæныны фæнд.

**3** Йæ Фыд Ын æппæт дæр Йæ къухмæ кæй радта, Хуыцауæй кæй æрцыд æмæ ныр Хуыцаумæ кæй цæуы, уый Йесо зыдта; æмæ æхсæвæры рæстæг

**4** Сыстад фынгæй, раласта Йе 'ддаг дарæс, райста хисæрфæн æмæ йæ æрбабаста Йæ астæуыл.

**5** Уый фæстæ дон ныккодта хъуывгъаны æмæ райдыдта Йæ ахуыргæнинæгты къæхтæ æхсын æмæ сын сæ Йæ астæуыл баст хисæрфæнæй сæрфын.

**6** Йесо Симон Петрмæ куы бацыд, уæд Ын уый загъта: «Хицау, мæ къæхтæ мын Ды цæхсай?»

**7** Йесо йын дзуапп радта: «Æз цы кæнын, уый ды ныртæккæ не 'мбарыс, фæлæ йæ фæстæдæр бамбардзынæ».

**8** Петр Ын загъта: «Никуы мын цæхсдзынæ мæ къæхтæ». Йесо йын дзуапп радта: «Куы нæ дæ цæхсон, уæд дын Мемæ иумæйагæй ницы ис».

**9** Уæд Ын Симон Петр загъта: «Хицау, цæхс æрмæст мæ къæхтæ нæ, фæлæ мæ къухтæ æмæ мæ сæр дæр».

**10** Йесо йын загъта: «Æхсадæн æрмæст йæ къæхтæ цæхсын хъæуы, уымæн æмæ æгасæй дæр сыгъдæг у. Сымах дæр сыгъдæг стут, æрмæст уеппæт нæ».

---

**12:43** Ин. 5:44. **12:46** Ин. 3:19. **12:47** Ин. 3:17. **12:48** Мк. 16:16. **12:49** Ин. 14:10.
**13:1** Мф. 26:2; Мк. 14:1. **13:4** Лк. 17:8; 22:27. **13:10** Ин. 15:3.

**11** Йесо зыдта Йæ уæйгæнæджы, æмæ уымæ гæсгæ загъта: «Уеппæт сыгъдæг не стут».

**12** Сæ къæхтæ сын куы цæхсадта, йæ дарæс куы скодта æмæ ногæй куы сбадти, уæд сын загъта: «Æз уын цы бакодтон, уый не ’мбарут?

**13** Сымах Мæн Ахуыргæнæг æмæ Хицау хонут, æмæ раст зæгъут, уымæн æмæ Æз Ахуыргæнæг æмæ Хицау дæн.

**14** Уæдæ уын кæд Æз, Хицау æмæ Ахуыргæнæг, уæ къæхтæ цæхсадтон, уæд сымах дæр хъуамæ æхсат уæ кæрæдзийы къæхтæ.

**15** Уымæн æмæ уын Æз равдыстон, цæмæй сымах дæр кæнат, Æз уын цы бакодтон, уый.

**16** Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: цагъар йæ хицауæй уæлдæр нæу, æмæ минæвар йæ рарвитæгæй уæлдæр нæу.

**17** Кæд уый зонут æмæ йæ æххæст кæнут, уæд тæхудиаг уыдзыстут.

### *Йесо зæгъы Йæ уæйгæнæджы тыххæй*

**18** Уеппæты тыххæй нæ зæгъын. Кæй равзæрстон, Æз уыдоны зонын. Фæлæ хъуамæ сæххæст уа, Сыгъдæг Фысты цы загъд ис, уый: „Мемæ кæрдзын чи хордта, уый рацыди Мæ ныхмæ“.

**19** Уый нæма æрцыд, Æз та уын ныридæгæн зæгъын, куы æрцæуа, уæд куыд бауууæндат – ÆЗ ДÆН.

**20** Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: Æз кæй арвитон, ууыл зæрдиаг чи уа, уый Мæныл у зæрдиаг; Мæныл зæрдиаг чи у, уый та Мæ Рарвитæгыл у зæрдиаг».

**21** Уыцы ныхæсты фæстæ Йесо тынг фæтыхст æмæ сын загъта: «Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн, уæ иу Мыл рацæудзæни гадзрахатæй».

**22** Уæд ахуыргæнинæгтæ фесты кæрæдзимæ ракæс-бакæсыл, Йесо кæй тыххæй зæгъы, уый не ’мбаргæйæ.

**23** Йесо кæй уарзта, уыцы ахуыргæнинаг бадти Йесойы фарсмæ.

**24** Симон Петр æм ацамыдта, Йесо кæй тыххæй загъта, уымæй Йæ куыд бафæрса, афтæ.

**25** Ахуыргæнинаг йæхи баввахс кодта Йесомæ æмæ Йын загъта: «Хицау, уый чи у?»

**26** Йесо дзуапп радта: «Къæбæр цæхдоны куы атулон, уæд æй кæмæ раттон, уый». Уæд атылдта къæбæр æмæ йæ радта Иудæмæ, Симон Искариоты фыртмæ.

**27** Æмæ дзы уыцы къæбæры фæстæ бацыд хæйрæг. Уæд Йесо Иудæйæн загъта: «Цы кæнинаг дæ, уый тагъддæр кæн».

**28** Цæй тыххæй йын афтæ загъта, уый фынгыл бадджытæй ничи бамбæрста.

**29** Фæлæ Иудæмæ æхцайы лагъз кæй уыд, уымæ гæсгæ иуæй-иутæ æнхъæлдтой, цыма йын Йесо афтæ зæгъы: «Бæрæгбонмæ нæ цы хъæуы, уый балхæн», кæнæ та йын мæгуыртæн исты дæттын кæны.

**30** Иудæ къæбæр куы райста, уæд уайтагъд феддæдуар. Уыд æхсæв.

---

**13:13** 1 Кор. 8:6; 12:3; Флп. 2:11. **13:16** Мф. 10:24; Лк. 6:40; Ин. 15:10. **13:18** Ап. хъ. 1:16. **13:19** Ин. 14:29. **13:20** Мф. 10:40; Лк. 10:16. **13:21** Мф. 26:21; Мк. 14:18; Лк. 22:21.

*Ног фæдзæхст*

**31** Иудæ куы ацыд, уæд Йесо загъта: «Ныр снамысджын Адæймаджы Фырт, æмæ Хуыцау дæр снамысджын Йæ фæрцы.

**32** Кæд Хуыцау Йæ фæрцы снамысджын, уæд Æй Хуыцау Йæхæдæг дæр снамысджын кæндзæн, æмæ Йæ снамысджын кæндзæн рæхджы.

**33** Мæ хъæбултæ, Æз бирæ нал фæуыдзынæн уемæ. Агурдзыстут Мæ æмæ, Æз иудейтæн куыд загътон, Æз кæдæм цæуын, сымахæн уырдæм æрцæуын уæ бон нæ бауыдзæн, зæгъгæ, афтæ ныртæккæ зæгъын сымахæн дæр.

**34** Дæттын уын ног фæдзæхст: кæрæдзи уарзут. Æз уæ куыд бауарзтон, сымах дæр афтæ кæрæдзи уарзут.

**35** Кæрæдзи куы уарзат, уæд уымæ гæсгæ алчидæр зондзæн, сымах Мæ ахуыргæнинæгтæ кæй стут, уый».

*Йесо зæгъы Петры тыххæй*

**36** Симон Петр Ын загъта: «Хицау, Ды кæдæм цæуыс?» Йесо йын дзуапп радта: «Æз кæдæм цæуын, уырдæм Мæ фæдыл цæуын ныртæккæ дæ бон нæу, фæлæ фæстæдæр рацæудзынæ Мæ фæдыл».

**37** Петр Ын загъта: «Хицау, цæуылнæ у мæ бон ныртæккæ Дæ фæдыл цæуын? Æз Дæу сæраппонд мæ цард дæр ратдзынæн».

**38** Йесо йын дзуапп радта: «Дæ цард Мæн сæраппонд ратдзынæ? Æцæг, æцæг зæгъын дæуæн: уасæг нæма ныууасдзæн, афтæ Мыл æртæ хатты атигъ кæндзынæ дæхи.

# – 14 –

*Йесо у фæндаг Уæларвон Фыдмæ*

**1** Ма тыхсут. Æууæндут Хуыцауыл æмæ Мæныл дæр æууæндут.

**2** Мæ Фыды хæдзары цæрæн бынæттæ бирæ ис. Афтæ куы нæ уаид, уæд уын нæ загътаин: „Æз цæуын бынат уын æрцæттæ кæнынмæ“.

**3** Куы ацæуон, æмæ уын бынæттæ куы æрцæттæ кæнон, уæд та уæм æрцæудзынæн æмæ уæ Мæхимæ акæндзынæн, цæмæй сымах дæр уат, Æз кæм дæн, уым.

**4** Æз кæдæм цæуын, сымах уырдæм фæндаг зонут».

**5** Фома Йын загъта: «Хицау, кæдæм цæуыс, уый нын зындгонд куы нæ у, уæд æм фæндаг куыд хъуамæ зонæм?»

**6** Йесо йын загъта: «Æз дæн фæндаг, æцæгад æмæ цард. Мæ Фыдмæ ничи æрцæудзæн, Мæ фæрцы куы не ’рцæуа, уæд.

**7** Сымах Мæн куы зониккат, уæд Мæ Фыды дæр зониккат. Æмæ Йæ ныр зонут æмæ Йæ уынгæ дæр фæкодтат».

**8** Филипп Ын загъта: «Хицау, равдис нын Дæ Фыды, æмæ нын уый фаг уыдзæн».

**9** Йесо йын загъта: «Уыйбæрц рæстæг дæн уемæ, æмæ Мæ нæ зоныс, Филипп? Мæн чи федта, уый

---

**13:31** Ин. 12:23. **13:33** Ин. 7:34; 8:21. **13:34** Ин. 15:12; 1 Ин. 3:11; 1 Фес. 4:9. **13:38** Мф. 26:34; Мк. 14:30; Лк. 22:34. **14:3** Ин. 17:24; 1 Фес. 4:17. **14:6** Ин. 1:14, 17; 6:33, 40; 8:32; 10:28; 11:25; 1 Ин. 5:20; Эф. 1:13.

федта Фыды. Уæд ды куыд зæгъыс: „Равдис нын Дæ Фыды“?

**10** Ау, Æз Мæ Фыдимæ иу кæй дæн, æмæ Мæ Фыд Мемæ иу кæй у, уый дæ нæ уырны? Æз уын цы зæгъын, уый Мæхи номæй нæ дзурын – Мемæ иу Чи у, Мæ уыцы Фыд кæны Йæ хъуыддæгтæ.

**11** Æууæндут Мыл: Æз Мæ Фыдимæ иу дæн, Мæ Фыд та Мемæ иу у. Кæннод та æууæндут Мæ хъуыддæгтæм гæсгæ.

**12** Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: Мæныл чи æууæнды, уый кæндзæн Мæ хъуыддæгты хуызæн хъуыддæгтæ, æмæ уыдонæй ноджы стырдæртæ сараздзæн, уымæн æмæ Æз Мæ Фыдмæ цæуын.

**13** Æмæ Мæ ном ссаргæйæ цыдæриддæр ракурат, уый уын ратдзынæн, цæмæй Фырты фæрцы Фыд равдиса Йæ намыс.

**14** Мæ ном ссаргæйæ Мæ цы ракурат, уый уын ратдзынæн.

### *Зæрдæвæрд Сыгъдæг Уд рарвитынæй*

**15** Кæд Мæ уарзут, уæд æххæст кæндзыстут Мæ фæдзæхстытæ.

**16** Æмæ Æз ракурдзынæн Мæ Фыдæй æмæ уын ратдзæн, мыггагмæ уемæ чи уыдзæн, уыцы иннæ Рæвдауæджы –

**17** Æцæгады Уды. Дунейы бон Йæ райсын нæу, уымæн æмæ Йæ нæ уыны æмæ Йæ нæ зоны. Сымах та Йæ зонут, уымæн æмæ Уый уемæ ис æмæ уæ зæрдæты цæрдзæн.

**18** Сидзæрæй уæ нæ ныууадздзынæн – æрцæуздзынæн уæм.

**19** Иуцасдæр ма, æмæ дуне нал фендзæни Мæн, сымах та Мæ фендзыстут, уымæн æмæ Æз цæрын æмæ сымах дæр цæрдзыстут.

**20** Уыцы бон базондзыстут, Æз Мæ Фыдимæ иу кæй дæн, сымах Мемæ иу кæй стут æмæ Æз уемæ иу кæй дæн, уый.

**21** Мæ фæдзæхстытæ кæй зæрдæйы сты æмæ сæ чи æххæст кæны, уый Мæ уарзы. Мæн чи уарзы, уый та Мæ Фыд бауарздзæн, Æз дæр æй бауарздзынæн æмæ йын Мæхи раргом кæндзынæн».

**22** Иудæ Йын (Искариот нæ) загъта: «Хицау, уый куыд уыдзæн, æмæ дунейæн нæ, фæлæ махæн Дæхи раргом кæнай?»

**23** Йесо йын дзуапп радта: «Чи Мæ уарзы, уый сæххæст кæндзæн Мæ ныхас, æмæ йæ Мæ Фыд бауарздзæн. Мах æм æрцæуздзыстæм æмæ æрцæрдзыстæм йемæ.

**24** Мæн чи нæ уарзы, уый Мæ ныхæстæ не ’ххæст кæны. Сымах цы ныхас хъусут, уый та Мæнæй нæ, фæлæ Мæ рарвитæг Фыдæй у.

**25** Адæттæ уын загътон, цалынмæ ма уемæ дæн, уæдмæ.

**26** Мæ Фыд Мæ номыл Кæй рарвитдзæн, уыцы Рæвдауæг, Сыгъдæг Уд, сымах сахуыр кæндзæн алцæуыл дæр, æмæ уын Æз цы дзырдтон, уый уын уæ зæрдыл æрæфтаудзæн.

**27** Фарн уын уадзын, Мæ фарн уын дæттын. Дуне куыд дætты, Æз

**14:13** Мф. 7:7; Мк. 11:24; Лк. 11:9; Ин. 15:7; 16:23; Иак. 1:6. **14:17** Ин. 16:13; 1 Кор. 2:14. **14:19** Ин. 11:25; 1 Фес. 4:14. **14:23** 1 Кор. 3:16; Æрг. 3:20. **14:24** Ин. 12:49. **14:26** Ин. 15:26.

уын æй афтæ нæ дæттын. Ма тых-
сут æмæ ма тæрсут.

**28** Сымах фехъуыстат, Æз уын
цы загътон, уый: „Æз цæуын, фæ-
лæ та уæм æрцæудзынæн“. Куы
Мæ уарзиккат, уæд Фыдмæ кæй
цæуын, уый тыххæй сцин кæник-
кат, уымæн æмæ Мæ Фыд Мæнæй
уæлдæр у.

**29** Уый нæма æрцыд, Æз та уын
ныридæгæн зæгъын, куы æрцæуа,
уæд куыд бауæндат, афтæ.

**30** Уемæ Мын бирæ дзурыны
рæстæг нал ис, уымæн æмæ æрбав-
вахс ацы дунейы æлдар. Мæныл
йæ бар нæ цæуы,

**31** Фæлæ Æз Фыды кæй уарзын,
æмæ Мын Фыд куыд бафæдзæхс-
та, афтæ кæй кæнын, уый дуне
хъуамæ базона. Ныр сыстут æмæ
ацæуæм ардыгæй.

# – 15 –

*Чырысти – сæнæфсиры Тала*

**1** Æз дæн æцæг сæнæфсиры Та-
ла, Мæ Фыд та – сæнæфсирмæ Зи-
лæг.

**2** Мæ къалиутæй сæнæфсир кæ-
уыл не 'рзайы, уый алыг кæны.
Сæнæфсир дзы кæуыл æрзайы, уый
та бахсæды, фылдæр ыл куыд æр-
зайа, афтæ.

**3** Сымах ныридæгæн бахсæстæ-
уыд, Æз уын кæй загътон, уыцы
ныхасæй.

**4** Ут Мемæ, æмæ Æз дæр уы-
дзынæн уемæ. Къалиу сæнæфси-
ры талайыл куы нæ уа, уæд ыл
сæнæфсир нæ зайдзæн. Афтæ сы-
мах дæр пайда не 'рхæсдзыстут,
Мемæ куы нæ уат, уæд.

**5** Æз дæн сæнæфсиры Тала, сы-
мах та – къалиутæ; Мемæ чи ис
æмæ Æз кæимæ дæн, уый æрхæс-
сы бирæ пайда. Уымæн æмæ æнæ
Мæн уæ бон ницы кæнын у.

**6** Мемæ чи нæ уа, уый æппæрст
æрцæудзæн къалиуау æмæ бахус
уыдзæн. Ахæм къалиутæ та æрæм-
бырд кæнынц, баппарынц сæ арты
æмæ басудзынц.

**7** Сымах Мемæ куы уат, æмæ Мæ
ныхæстæ уæ зæрдæйы куы цæрой,
уæд уæ цыдæриддæр хъæуа, уый
ракурут æмæ йæ райсдзыстут.

**8** Сымах бирæ пайда куы æр-
хæссат æмæ Мæ ахуыргæнинæгтæ
куы уат, уæд уымæй раргом уы-
дзæн Мæ Фыды намыс.

**9** Мæ Фыд Мæн куыд бауарзта,
Æз дæр уæ афтæ бауарзтон. Уæдæ
ут хайджын Мæ уарзтæй.

**10** Æз Мæ Фыды фæдзæхсты-
тæ куыд сæххæст кодтон æмæ Йæ
уарзтæй хайджын куыд дæн, афтæ
сымах дæр Мæ фæдзæхстытæ куы
æххæст кæнат, уæд хайджын уы-
дзыстут Мæ уарзтæй.

**11** Адæттæ уын загътон, цæмæй
Мæ цинæй уат хайджын, æмæ уæ
цинæн ма уа кæрон.

**12** Мæнæ уын Мæ фæдзæхст: Æз
уæ куыд бауарзтон, афтæ уарзут
кæрæдзи.

**13** Исчи йæ цард йæ хæлæртты
сæраппонд куы ратта, уæд уымæй
стырдæр уарзондзинад нæй.

---

**14:27** Флп. 4:7. **14:30** Ин. 12:31; 16:11. **14:31** Ин. 10:18; Дзут. 10:7. **15:2** Мф. 15:13; Гал. 5:22. **15:3** Ин. 13:10; 1 Ин. 2:7. **15:5** Ап. хъ. 4:12. **15:6** Мф. 3:10; 7:19. **15:7** Ин. 14:13; 16:23; 1 Ин. 3:22. **15:12** Ин. 13:34; 1 Ин. 3:11; 4:21; Эф. 5:2; 1 Фес. 4:9.

**14** Сымах та Мæ хæлæрттæ стут, Æз уын цы фæдзæхсын, уый куы æххæст кæнат, уæд.

**15** Æз уæ ныридæгæн цагъартæ нал хонын, уымæн æмæ йæ хицау цы кæны, цагъар уый нæ зоны. Фæлæ уæ Æз Мæ хæлæрттæ схуыдтон, уымæн æмæ уын загътон, Мæ Фыдæй цыдæриддæр фехъуыстон, уый.

**16** Сымах Мæ нæ сæвзæрстат, фæлæ уæ Æз сæвзæрстон, æмæ уын бахæс кодтон цæуын æмæ пайда дæттын, уæ уыцы пайда мыггагмæ куыд уа, афтæ. Æмæ уæд Мæ номæй цыдæриддæр ракурат Фыдæй, уый уын ратдзæн.

**17** Мæнæ уын Æз фæдзæхсын: уарзут кæрæдзи.

*Дунейæн – æнæуынон*

**18** Дуне уæ йе сæфт куы уына, уæд зонут – сымахæй раздæр Мæнæй уыдта йе сæфт.

**19** Сымах дунейæ куы уаиккат, уæд уæ дуне йæхионтау уарзид. Сымах та дунейæ кæй не стут, фæлæ уæ Æз дунейæ кæй сæвзæрстон, уый тыххæй уæ уыны дуне йе сæфт.

**20** Æз уын цы ныхас загътон, уый уæ зæрдыл дарут: „Цагъар йæ хицауæй уæлдæр нæу“. Кæд Мæн æфхæрдтой, уæд сымах дæр æфхæрдзысты. Кæд Мæ ныхасмæ хъуыстой, уæд уæ ныхасмæ дæр хъусдзысты.

**21** Афтæ уын кæндзысты Мæ номы тыххæй, уымæн æмæ Мæ Рарвитæджы нæ зонынц.

**22** Æз куы не ’рцыдаин æмæ сын куы нæ дзырдтаин, уæд тæригъæды тыххæй азымджын нæ уаиккой. Ныр та сæ тæригъæды тыххæй сæхи ницæмæй сраст кæндзысты.

**23** Мæнæй йе сæфт чи уыны, уый Мæ Фыдæй дæр йе сæфт уыны.

**24** Æз сæ разы куы нæ скодтаин, æндæр исчи кæй нæ сарæзтаид, ахæм хъуыддæгтæ, уæд тæригъæды тыххæй азымджын нæ уаиккой. Ныр та сæ федтой, уæддæр Мæнæй æмæ Мæ Фыдæй се сæфт уынынц.

**25** Фæлæ афтæ хъуамæ сæххæст уа, сæ Æгъдауы цы фыст ис, уый: „Дзæгъæлы Мæ уынынц се сæфт“.

**26** Æз уæм Мæ Фыдæй рарвитдзынæн Рæвдауæджы – æцæгады Уды. Уыцы Уд Мæ Фыдæй рацæуы, æмæ куы æрцæуа, уæд æвдисæн лæудзæн Мæн тыххæй.

**27** Сымах дæр Мын уыдзыстут æвдисæнтæ, уымæн æмæ фыццаг бонтæй фæстæмæ Мемæ стут.

## – 16 –

**1** Адæттæ уын уый тыххæй загътон, цæмæй ма фæкæлат.

**2** Ацух уæ кæндзысты синагогæтæй. Æрцæуы ахæм рæстæг дæр, æмæ уæ чидæриддæр мара, уый æнхъæл уыдзæн, цыма уымæй Хуыцауæн кусы.

**3** Уыдон уын афтæ кæндзысты, нæдæр Мæ Фыды, нæдæр Мæн кæй нæ базыдтой, уый тыххæй.

**4** Фæлæ уын ай уый тыххæй загътон, уыцы афон куы æрцæуа,

15:15 Эф. 1:9; 3:5. 15:16 Мк. 16:15. 15:18 1 Ин. 3:13. 15:20 Мф. 10:24; 24:9; Мк. 13:9; Лк. 21:12; Ин. 13:16. 15:21 Ин. 16:3. 15:26 Лк. 24:49; Ин. 14:26. 15:27 Ап. хъ. 1:8; 2:32; 1 Пет. 5:1. 16:3 Ин. 15:21.

уæд уæ зæрдыл куыд лæууа, Æз уæ рагацау кæй фæдзæхстон, уый. Раздæр уын æй нæ дзырдтон, уымæн æмæ уемæ уыдтæн.

*Сыгъдæг Уды куыст*

**5** Ныр та цæуын Мæ Рарвитæгмæ, æмæ Мæ сымахæй ничи фæрсы: „Кæдæм цæуыс?“

**6** Уый уын кæй загътон, уымæ гæсгæ уæ зæрдæ суынгæг.

**7** Фæлæ уын æцæг зæгъын: Мæ ацыд сымахæн хуыздæр у. Уымæн æмæ Æз куы нæ ацæуон, уæд уæм Рæвдауæг не 'рцæудзæн. Куы ацæуон, уæд та уæм Æй рарвитдзынæн.

**8** Æмæ куы æрцæуа, уæд раргом кæндзæн дунейы азым – тæригъæдмæ, рæстадмæ æмæ тæрхонмæ цы цæстæй кæсы, уый.

**9** Тæригъæд уый мидæг ис, æмæ Мыл не 'ууæндынц.

**10** Рæстад уый мидæг ис, æмæ Æз Мæ Фыдмæ цæуын, æмæ Мæ нал фендзыстут.

**11** Тæрхон уый мидæг ис, æмæ ацы дунейы æлдар æрцыд тæрхонгонд.

**12** Сымахæн ма мæм бирæ ис зæгъинаг, фæлæ нырма йæ бамбарын уæ бон нæ бауыдзæн.

**13** Æцæгады Уд куы æрцæуа, уæд уын раргом кæндзæн æппæт æцæгад. Уымæн æмæ Йæхи номæй нæ дзурдзæн, фæлæ цы фехъуса, уый дзурдзæн, æмæ уын фехъусын кæндзæн, фидæны цы уыдзæн, уый.

**14** Уый Мын скæндзæн намыс, уымæн æмæ уын фехъусын кæндзæн, Мæнæй цы фехъуса, уый.

**15** Фыдмæ цыдæриддæр ис, уый Мæн у. Уымæ гæсгæ загътон, Мæнæй цы фехъуса, уый уын фехъусын кæндзæн, зæгъгæ.

*Ахуыргæнинæгты хъыг раивдзæн цинæй*

**16** Рæхджы Мæ нал фендзыстут, фæлæ та Мæ рæхджы ногæй фендзыстут [уымæн æмæ Æз Мæ Фыдмæ цæуын]».

**17** Йæ ахуыргæнинæгтæй иуæйиутæ дзырдтой кæрæдзийæн: «Уый нын цы зæгъы: „Рæхджы Мæ нал фендзыстут, фæлæ та Мæ рæхджы ногæй фендзыстут“, æмæ: „Æз Мæ Фыдмæ цæуын“?»

**18** Уыдон ма ноджыдæр дзырдтой: «Цавæр „рæхджыйы“ кой кæны? Цы нын зæгъы, уый не 'мбарæм».

**19** Бафæрсынмæ Йæ кæй хъавынц, Йесойæн уый зындгонд уыд, æмæ сын загъта: «Æз уын афтæ кæй загътон: „Рæхджы Мæ нал фендзыстут, фæлæ та Мæ рæхджы ногæй фендзыстут“, кæрæдзи уый тыххæй фæрсут?

**20** Æцæг, æцæг зæгъын сымахæн: сымах кæудзыстут æмæ дзыназдзыстут, дуне та цин кæндзæн. Сымах хъыг кæндзыстут, фæлæ уæ хъыг раивдзæн цинæй.

**21** Арæг сылгоймаг хъыг фæкæны, уымæн æмæ йæ удхары афон ралæууыд. Фæлæ йын сывæллон куы райгуыры, уæд дзы фырцинæй йæ удхар ферох вæйййы, уымæн æмæ дунемæ адæймаг фæзынд.

---

**16:4** Мф. 9:15; Ин. 14:29. **16:5** Ин. 7:33. **16:7** Ин. 15:26. **16:11** Ин. 12:31; 14:30; Кол. 2:15. **16:13** Мф. 10:19. **16:15** Ин. 17:10.

**22** Афтæ ныр сымах дæр хъыг
кæнут. Фæлæ та уæ Æз фендзы-
нæн, æмæ уæд уæ зæрдæтæ байдзаг
уыдзысты цинæй, æмæ уын уæ цин
байсын никæй бон бауыдзæн.

**23** Уæд Мæ ницæмæй фæрсдзы-
стут. Æцæг, æцæг зæгъын сыма-
хæн: Мæ номæй цыдæриддæр ра-
курат Фыдæй, уый уын ратдзæн.

**24** Ныронг Мæ номæй ницы
куырдтат. Ныр курут æмæ райс-
дзыстут, æмæ уæ цинæн кæрон нæ
уыдзæн.

*«Æз фæуæлахиз дæн дунейыл»*

**25** Æз уын ныронг фæсномыг
ныхæстæй дзырдтон. Фæлæ æрцæ-
уы афон, æмæ уын Æз фæсномыг
ныхæстæй нал дзурдзынæн, фæлæ
уын æргомæй зæгъдзынæн Фыды
тыххæй.

**26** Уыцы бон курдзыстут Мæ но-
мæй, æмæ уын нæ зæгъын, сымах
тыххæй Æз Мæ Фыдмæ хатдзы-
нæн, зæгъгæ.

**27** Уымæн æмæ уæ Мæ Фыд Йæ-
хæдæг уарзы, Мæн кæй бауарзтат
æмæ Æз Хуыцауæй кæй æрцыд-
тæн, ууыл кæй бауæндыдыстут,
уый тыххæй.

**28** Æз Мæ Фыдæй рацæуыгæ дæн
æмæ æрцыдтæн дунемæ. Ныр уадзын
дуне æмæ цæуын Мæ Фыдмæ».

**29** Йæ ахуыргæнинæгтæ Йын
загътой: «Ныртæккæ Ды æргомæй
дзурыс, æнæ фæсномыг ныхасæй.

**30** Ныр уынæм: Ды æппæт дæр
зоныс. Ды развæлгъау фæзоныс,
цæмæй Дæ фæрсдзысты, уый. Æмæ
нæ уымæй уырны: Ды Хуыцауæй
æрцыдтæ».

**31** Йесо сын дзуапп радта: «Ныр
бауæндыдыстут?

**32** Мæнæ æрцæуы рæстæг, æниу,
цæугæ дæр æркодта, æмæ ныххæ-
лиу уыдзыстут – алчидæр уæ ацæу-
дзæн сæхимæ æмæ Мæн ныууадз-
дзыстут иунæгæй. Фæлæ Æз иу-
нæг нæ дæн, уымæн æмæ Мæ Фыд
Мемæ ис.

**33** Уыдæттæ уын Æз уый тых-
хæй загътон, Мемæ куыд уат æмæ
фарнæй куыд схайджын уат. Дуне-
йы æвзардзыстут хъизæмæрттæ, фæ-
лæ фидар лæууут: Æз фæуæлахиз дæн
дунейыл».

# – 17 –

*Йесо кувы*

**1** Уыцы ныхæсты фæстæ Йесо
скаст уæларвмæ æмæ загъта: «Мæ
Фыд, æрхæццæ рæстæг. Намыс
скæн Дæ Фыртæн, æмæ Фырт дæр
снамыс кæна Дæуæн.

**2** Уымæн æмæ алы адæймаджы
дæр бакодтай Йæ бар, Уымæн кæй
радтай, уыдонæй алкæмæн дæр
мыггагмæйы цард куыд ратта.

**3** Мыггагмæйы цард та уый у,
æмæ Дæу, иунæг æцæг Хуыцауы,
æмæ Де ’рвыст Йесо Чырыстийы
куыд зоной.

**4** Ды Мын Мæ бæрны цы хъуыд-
даг бакодтай, уый саразынæй Дæ
Æз снамысджын кодтон зæххыл.

---

**16:22** Лк. 24:41, 52; Ин. 20:20; 1 Пет. 1:8. **16:23** Мф. 7:7; Мк. 11:24; Лк. 11:9; Ин. 14:13; 15:7; Иак. 1:6. **16:26** Ром. 8:34. **16:27** Ин. 17:25. **16:32** Мф. 26:31; Мк. 14:27. **16:33** 1 Ин. 4:4; 5:4; 1 Кор. 15:57. **17:1** Ин. 12:23. **17:2** Мф. 28:18; Дзут. 2:5-8. **17:3** Ин. 6:29; 1 Ин. 3:23.

**5** Æмæ Мæ ныр, Мæ Фыд, Ды дæр снамысджын кæн Дæ разы, дуне сфæлдисыны агъоммæ Демæ куы уыдтæн, уæд Мын цы намыс уыди, уымæй.

**6** Ды Мын дунейæ цы адæм радтай, уыдонæн Æз раргом кодтон Дæ ном. Уыдон Дæу уыдысты, Ды сæ радтай Мæнæн, æмæ уыдон сæххæст кодтой Дæ ныхас.

**7** Ныр уыдон бамбæрстой, Ды Мын цыдæриддæр радтай, уый Дæуæй лæвæрд кæй у.

**8** Уымæн æмæ Мын Ды цы загътай, уый Æз радзырдтон уыдонæн, бауувæндыдысты йыл æмæ æцæг бамбæрстой, Æз Дæуæй кæй æрцыдтæн, æмæ сæ бауырныдта, Ды Мæ кæй рарвыстай, уый.

**9** Æз уыдоны тыххæй кувын. Дунейы тыххæй нæ, фæлæ Мын Ды кæй радтай, уыдоны тыххæй кувын, уымæн æмæ уыдон Дæу сты.

**10** Мæнмæ цыдæриддæр ис, уый Дæу у, Дæумæ цыдæриддæр ис, уый та Мæн у. Æмæ Æз уыдоны фæрцы снамысджын дæн.

**11** Æз ныр дунейы нал дæн, фæлæ уыдон дунейы сты, Æз та Дæумæ цæуын. Мæ Сыгъдæг Фыд! Бахъахъхъæн сæ, Ды Мын кæй радтай, Дæ уыцы номы хъаруйæ, Мах иу куыд стæм, афтæ уыдон дæр иу куыд уой.

**12** Æз цалынмæ семæ уыдтæн, уæдмæ сæ хъахъхъæдтон, Ды Мын кæй радтай, Дæ уыцы номы хъаруйæ. Æз сæ бахъахъхъæдтон, æмæ дзы ничи фесæфт, мæлинаджы йеддæмæ, цæмæй сæххæст уа, Сыгъдæг Фыст цы зæгъы, уый.

**13** Ныр та Æз Дæумæ цæуын, æмæ цалынмæ дунейы дæн, уæдмæ йæ уый тыххæй зæгъын, Мæ цинæй хайджын куыд уой æмæ сæ цинæн кæрон куыд нæ уа.

**14** Æз сын æрхастон Дæ ныхас, æмæ сæ дуне йе сæфт уыны, уымæн æмæ Æз дунейæ куыд нæ дæн, афтæ уыдон дæр дунейæ не сты.

**15** Ды сæ дунейæ акæнай, уый Дæ нæ курын, фæлæ Дæ курын, цæмæй сæ бахизай хæйрæгæй.

**16** Уыдон дунейæ не сты, Æз дунейæ куыд нæ дæн, афтæ.

**17** Дæхи сæ бакæн æцæгады фæрцы – Дæ ныхас æцæгад у.

**18** Ды Мæн дунемæ куыд рарвыстай, афтæ сæ Æз дæр арвыстон дунемæ.

**19** Æмæ уыдоны сæраппонд Æз Мæхи Дæуæн дæттын нывондæн, уыдон дæр æцæгады фæрцы Дæу куыд бауой, афтæ.

**20** Æрмæст уыдоны тыххæй нæ кувын, фæлæ ма сæ ныхасы фæрцы Мæныл чи бауувæнда, уыдоны тыххæй дæр.

**21** Уадз æмæ сеппæт дæр уой иу. Ды, Мæ Фыд, Мемæ иу куыд дæ, Æз та Демæ иу куыд дæн, афтæ уыдон дæр иу уæнт Немæ, æмæ дуне бауувæнда, Ды Мæ кæй рарвыстай, ууыл.

**22** Ды Мын цы намыс радтай, Æз уымæй бахай кодтон уыдонæн, Мах иу куыд стæм, афтæ иу куыд уой.

**23** Æз уыдонимæ иу дæн, Ды та Мемæ иу дæ. Уадз æмæ уыдон дæр уой иумæ, æнæфæхицæн, цæмæй

---

**17:5** Æрг. 5:12. **17:6** Ин. 18:9. **17:8** Ин. 16:27. **17:10** Ин. 16:15. **17:11** Ин. 10:30; Эф. 4:3. **17:12** Ин. 18:9. **17:14** Ин. 8:23. **17:17** Ин. 14:6. **17:19** Дзут. 9:14. **17:21** Ин. 17:11.

дуне базона, Ды Мæ кæй рарвыстай æмæ Мæн куыд бауарзтай, уыдоны дæр афтæ кæй бауарзтай, уый.

**24** Мæ Фыд, Мæн фæнды, Ды Мын кæй радтай, уыдон Мемæ куыд уой, Æз кæм дæн, уым, æмæ куыд уыной, дуне сфæлдисыны размæ Ды Мæн кæй бауарзтай, уый тыххæй Мын кæй радтай, Мæ уыцы намыс.

**25** Мæ раст Фыд! Дуне Дæ нæ базыдта, Æз та Дæ зонын, æмæ уыдон дæр базыдтой, Ды Мæ кæй рарвыстай, уый.

**26** Æмæ сын Æз раргом кодтон Дæ ном, æмæ сын æй дарддæр дæр æргом кæндзынæн, цæмæй Мæ Ды цы уарзтæй бауарзтай, уыдон дæр уарзой ахæм уарзтæй, æмæ Æз уон семæ».

# – 18 –

*Йесойы æрцахстой*

**1** Йесо куы бакуывта, уæд Йæ ахуыргæнинæгтимæ араст Кедроны тæрфы иннæ фарсмæ, æмæ уым бацыдысты дыргъдонмæ.

**2** Ацы бынат зыдта Йæ уæйгæнæг Иудæ дæр – Йесо æмæ-иу Йæ ахуыргæнинæгтæ уым арæх æрæмбырд сты.

**3** Иудæ йемæ ракодта æфсæддонты, алчертæ æмæ фарисейтæ кæй рарвыстой, Кувæндоны уыцы хъахъхъæнджыты, æмæ æрцыдысты уырдæм цырæгътимæ, рухсгæнæнтæ æмæ хæцæнгæрзтимæ.

**4** Цыдæриддæр Ыл æрцæудзæн, уый Йесо зыдта, рацыд размæ æмæ сын загъта: «Кæй агурут?»

**5** Дзуапп Ын радтой: «Назаретаг Йесойы». Йесо сын загъта: «Уый Æз дæн». Лæууыд семæ Йæ уæйгæнæг Иудæ дæр.

**6** Æмæ сын куы загъта: «Уый Æз дæн», уæд алæууыдысты фæстæмæ æмæ адæргъ сты зæххыл.

**7** Ноджы та сæ бафарста: «Кæй агурут?» Уыдон загътой: «Назаретаг Йесойы».

**8** Йесо дзуапп радта: «Æз уын куы загътон, уый Æз дæн, зæгъгæ. Уæдæ кæд Мæн агурут, уæд иннæты ауадзут æмæ цæуой».

**9** Йесо уый загъта, Йæ ныхас куыд æрцæуа, афтæ: «Ды Мын кæй радтай, уыдонæй Æз никæй фесæфтон».

**10** Симон Петрмæ уыди кард, фелвæста йæ, ныццавта дзы алчеры цагъары æмæ йын йæ рахиз хъус ахауын кодта. Уыцы цагъарæн йæ ном уыди Малх.

**11** Фæлæ Йесо загъта Петрæн: «Нывæр кард кæрддзæмы. Ау, Мæ Фыд Мын цы хъизæмæртты кæхц æрцæттæ кодта, уый хъуамæ ма баназон?»

*Йесойы акодтой Аннамæ*

**12** Уæд æфсæддонтæ сæ хицауимæ æмæ иудейтæй æрвыст хъахъхъæнджытæ æрцахстой Йесойы æмæ Йæ сбастой.

**13** Фыццаг уал Æй акодтой Аннамæ – Каиафæйы каисмæ. Каиафæ та уыцы аз алчер уыд.

---

**17:24** Ин. 12:26. **17:26** Ин. 15:15. **18:1** Мф. 26:36. **18:3** Мф. 26:47; Мк. 14:43; Лк. 22:47; Ап. хъ. 1:16. **18:9** Ин. 17:6, 12. **18:10** Мф. 26:51. **18:13** Мф. 26:57; Мк. 14:53; Лк. 22:54.

**14** Уый уыдис, иудейтæн афтæ
чи бауынаффæ кодта, адæмы сæр-
вæлтау иу адæймаг куы амæла,
уæд хуыздæр у, зæгъгæ, уыцы
Каиафæ.

*Петр йæхи атигъ кодта Йесойыл*

**15** Симон Петр æмæ ма ноджы
иу ахуыргæнинаг цыдысты Йесо-
йы фæдыл. Уыцы ахуыргæнинаг
зонгæ уыд алчеримæ æмæ Йесо-
имæ бацыди алчеры кæртмæ.
**16** Петр та лæууыд дуары æдде.
Алчеримæ зонгæ чи уыди, уыцы
ахуыргæнинаг рацыд, загъта дуар-
гæс сылгоймагæн æмæ Петры ба-
кодта мидæмæ.
**17** Дуаргæс сылгоймаг бафарста
Петры: «Ды дæр уыцы Адæйма-
джы ахуыргæнинæгтæй нæ дæ?»
Петр загъта: «Нæ дæн».
**18** Уазал кæй уыд, уымæ гæсгæ
цагъартæ æмæ хъахъхъæнджытæ
скодтой арт, лæууыдысты æмæ сæ-
хи тавтой. Петр дæр лæууыд семæ
æмæ йæхи тавта.

*Алчер фæрсы Йесойы*

**19** Ныр алчер та бафарста Йесо-
йы Йæ ахуыргæнинæгтæй æмæ Йæ
ахуырады тыххæй.
**20** Йесо йын дзуапп радта: «Æз
æргомæй дзырдтон дунейæн. Æз
кæддæриддæр адæмы ахуыр код-
тон синагогæты æмæ Кувæндоны,
иудейтæ иууылдæр кæм æмбырд
кæнынц, уым. Сусæгæй та ницы
дзырдтон.
**21** Мæн цы фæрсыс? Чи Мæм
хъуыста, уыдоны бафæрс, Æз цы
дзырдтон, уымæй. Уыдон зонынц,
Æз цы дзырдтон, уый».
**22** Йесо афтæ куы загъта, уæд
Æй хъахъхъæнджытæй иу – хæс-
тæг Æм чи лæууыд, уый – нызд-
дзæхст ласта æмæ загъта: «Алче-
рæн ахæм дзуапп дæттыс?»
**23** Йесо йын дзуапп радта: «Кæд
Æз æвзæрæй исты загътон, уæд æй
сеппæтæн дæр зæгъ, æвзæрæй цы
загътон, уый. Кæд раст загътон,
уæд та Мæ цæмæн цæвыс?»
**24** Анна Йесойы бастæй арвыс-
та алчер Каиафæмæ.

*Петр ногæй йæхи атигъ кодта Йесойыл*

**25** Ныр Симон Петр та лæууыд
æмæ йæхи тавта артмæ. Загътой
йын: «Ды дæр Йæ ахуыргæнинæг-
тæй нæ дæ?» Уый Йыл йæхи атигъ
кодта æмæ загъта: «Нæ дæн».
**26** Алчеры цагъартæй иу, – Петр
кæй хъус ахауын кодта, уый хæс-
тæг, – Петрæн загъта: «Дыргъдо-
ны Йемæ дæу нæ федтон, æви?»
**27** Петр та Йыл йæхи атигъ
кодта. Æмæ уыйадыл уасæг ныу-
уасыд.

*Йесо æмæ Пилат*

**28** Каиафæйæ Йесойы сæумæйæ
акодтой бæстæйы хицауы галуан-
мæ. Иудейтæ сæхæдæг нæ бацы-
дысты галуанмæ, цæмæй ма счъи-
зи уой æмæ сын Куадзæн хæрын
æмбæла.
**29** Пилат сæм рацыд æмæ загъ-
та: «Цæмæй азымджын кæнут ацы
Адæймаджы?»

18:14 Ин. 11:50. 18:17 Мф. 26:69; Мк. 14:66; Лк. 22:56. 18:24 Мф. 26:57; Мк. 14:53; Лк. 22:54. 18:28 Мф. 27:2; Мк. 15:1; Лк. 22:66.

**30** Уыдон ын дзуапп радтой: «Уый фыдгæнæг куы нæ уаид, уæд дын Æй дæ къухтæм нæ раттаиккам».

**31** Пилат сын загъта: «Акæнут Æй æмæ Йын уæхи æгъдаумæ гæсгæ уæхæдæг рахæссут тæрхон». Иудейтæ йын дзуапп радтой: «Искæмæн марыны тæрхон рахæссыны бар нæм нæй».

**32** Уыдон уыцы ныхæстæ загътой, цы мæлæтæй амæлдзæн, уый тыххæй Йесо фæсномыгæй цы загъта, уый куыд æрцæуа, афтæ.

**33** Уæд Пилат ногæй бацыди галуанмæ, басидт Йесомæ æмæ Йæ бафарста: «Ды иудейаг Паддзах дæ?»

**34** Йесо дзуапп радта: «Дæхи хъуыды зæгъыс, æви дын иннæтæ загътой Мæн тыххæй?»

**35** Пилат загъта: «Æмæ æз иудей дæн? Дæу Мæ къухмæ Дæ адæм æмæ алчертæ радтой. Цы ракодтай?»

**36** Йесо дзуапп радта: «Мæ Паддзахад ацы дунейæ нæу. Мæ Паддзахад ацы дунейæ куы уаид, уæд Мæ фæсдзæуинтæ тох кодтаиккой, Æз иудейты къухтæм куыд нæ бахауон, ууыл. Фæлæ Мæ Паддзахад ацы дунейæ нæу».

**37** Пилат Ын загъта: «Уæдæ Ды Паддзах дæ?» Йесо дзуапп радта: «Дæхæдæг æй куы зæгъыс, Æз Паддзах кæй дæн, уый. Æз уымæн райгуырдтæн æмæ уымæн æрцыдтæн дунемæ, цæмæй дзурон æцæгады тыххæй. Æцæгадæй чидæриддæр у, уый Мæм хъусы».

**38** Пилат Æй бафарста: «Цы у æцæгад?» Уый зæгъыны фæстæ Пилат ногæй рацыд иудейтæм æмæ сын загъта: «Æз Æм ницы азым арын.

**39** Сымахмæ ис æгъдау, цæмæй уын Куадзæны рауадзон иу ахст адæймаджы. Фæнды уæ, æмæ уын иудейаг Паддзахы рауадзон?»

**40** Уæд уыдон ныхъхъæр кодтой: «Уый нæ, фæлæ Вараввæйы!» Вараввæ та абырæг уыд.

## – 19 –

**1** Уæд Пилат Йесойы радта ехсæй нæмынмæ.

**2** Æфсæддонтæ сбыдтой сындзын кадыхуд æмæ Йын æй æркодтой Йæ сæрыл, скодтой Йыл сæнтсырх пæлæз.

**3** Бацыдысты-иу Æм æмæ Йын дзырдтой: «Æгас цæуæд иудейаг Паддзах!» Æмæ Йæ дзæхстытæ кодтой.

**4** Пилат ногæй рацыд адæммæ æмæ сын загъта: «Æз уæм Æй ныртæккæ рахондзынæн, цæмæй зонат, кæй ницы аххос Æм арын, уый».

**5** Уæд рацыд Йесо сындзын кадыхуды æмæ сæнтсырх пæлæзы. Пилат сын загъта: «Мæнæ уыцы Адæймаг!»

**6** Алчертæ æмæ хъахъхъæнджытæ Йесойы куы федтой, уæд хъæр систой: «Байтындз Æй, байтындз Æй!» Пилат сын загъта: «Акæнут Æй æмæ Йæ уæхæдæг байтындзут, æз Æм ницы аххос арын».

**7** Иудейтæ йын дзуапп радтой: «Махæн ис Æгъдау, æмæ уыцы

---

[18:32] Мф. 20:19. [18:33] Мф. 27:11; Мк. 15:2; Лк. 23:3. [18:37] 1 Тим. 6:13. [18:39] Мф. 27:15; Мк. 15:6; Лк. 23:17. [18:40] Ап. хъ. 3:14. [19:1] Мф. 27:26; Мк. 15:15. [19:4] Ин. 18:38; Ап. хъ. 3:13. [19:6] Мф. 27:23; Мк. 15:14; Лк. 23:4; Ап. хъ. 13:28.

Ægъдаумæ гæсгæ Уый хъуамæ амæла, уымæн æмæ Йæхицæй Хуыцауы Фырт аразы».

**8** Пилат уыцы ныхæстæ куы фехъуыста, уæд ноджы тынгдæр фæтарст.

**9** Ногæй та бацыд галуанмæ æмæ бафарста Йесойы: «Кæцон дæ?» Фæлæ йын Йесо дзуапп нæ радта.

**10** Пилат Ын загъта: «Мæнæн нæ дæттыс дзуапп? Дæ рауадзыны бар дæр æмæ Дæ байтындзыны бар дæр мæнмæ кæй ис, уый нæ зоныс?»

**11** Йесо йын дзуапп радта: «Дæ бар Мыл æппындæр нæ цæуид, уæларвæй дын лæвæрд куы нæ уаид, уæд. Уымæ гæсгæ Мæн дæ къухмæ чи радта, уымæн йæ тæригъæд дæ тæригъæдæй уæззаудæр у».

**12** Уæдæй фæстæмæ Пилат архайдта Йæ рауадзыныл. Иудейтæ та хъæр кодтой: «Куы Йæ рауадзай, уæд кесæры лымæн нæ дæ. Йæхицæй паддзах чидæриддæр аразы, уый кесæры знаг у».

**13** Пилат уый куы фехъуыста, уæд Йесойы ракодта æддæмæ æмæ, Лифостротон* кæй хуыдтой, дзуттагау та – Гаввафæ, уым сбадт тæрхонгæнæджы бынаты.

**14** Уыди Куадзæнмæ цæттæ кæныны бон, æхсæзæм сахатмæ æввахс. Пилат загъта иудейтæн: «Мæнæ уæ Паддзах!»

**15** Фæлæ уыдон хъæр систой: «Амар Æй! Амар Æй! Байтындз Æй!» Пилат сын загъта: «Уæ Паддзахы уын байтындзон?» Алчертæ дзуапп радтой: «Махæн кесæры йеддæмæ паддзах нæй».

**16** Æппынфæстаг Пилат сразы семæ, æмæ Йесойы радта дзуарыл байтындзынмæ. Æмæ Йæ акодтой.

### *Йесойы байтыгътой*

**17** Йæ дзуаримæ Йесо рацыди, Сæргæхцы бынат чи хуыйны, дзуттагау та – Голгофæ, уырдæм.

**18** Уым Æй байтыгътой æндæр дыууæимæ Йæ фæйнæфарс, астæуæй – Йесойы.

**19** Пилат фæйнæгыл ныффыссын кодта æмæ йæ дзуарыл ныххуыйын кодта; фыст уыди афтæ: «Назаретаг Йесо, иудейаг Паддзах».

**20** Иудейтæй йæ бирæтæ кастысты, уымæн æмæ Йесойы кæм байтыгътой, уыцы бынат сахармæ хæстæг уыд. Фыст уыди дзуттаг, ромаг æмæ бердзенаг æвзæгтыл.

**21** Иудейаг алчертæ загътой Пилатæн: «„Иудейаг Паддзах“ ма ныффысс. Ныффысс афтæ: „Ацы лæг дзырдта: Æз иудейаг Паддзах дæн“».

**22** Пилат дзуапп радта: «Цы ныффыстон, уый ныффыстон».

**23** Æфсæддонтæ Йесойы куы байтыгътой, уæд Ын райстой Йæ дарæстæ æмæ сæ цыппар хайыл адих кодтой, алы æфсæддонæн дæр иу хай. Йæ хæдон та хуыд нæ уыд, фæлæ сæрæй бынмæ уафт.

**24** Æмæ кæрæдзийæн загътой: «Скъуынгæ йæ ма акæнæм, фæлæ хæлттæ сæппарæм, кæддæра кæмæ

* **19:13** *Лифостротон* бердзенагау амоны «дурæй астæрд пъол».

**19:9** Ин. 18:33. **19:11** Лк. 22:53. **19:17** Мф. 27:33; Мк. 15:22; Лк. 23:33; Дзут. 13:12. **19:23** Мф. 27:35; Мк. 15:24; Лк. 23:34.

ærхауид». Афтæ хъуамæ сæххæст уыдаид, Сыгъдæг Фыст цы зæгъы, уый: «Се ’хсæн Мын байуæрстой Мæ дарæс æмæ Мын Мæ хæдоныл хæлттæ сæппæрстой». Æмæ æфсæддонтæ бакодтой афтæ.

**25** Йесойы дзуары цур лæууыдысты Йæ Мад, Йæ мадыхо, Клеопайы ус Мариа, æмæ магдалæйаг Мариа.

**26** Йесо Йæ Мады æмæ Йæ уарзон ахуыргæнинаджы уым лæугæ куы федта, уæд Йæ Мадæн загъта: «Мæ Мад, мæнæ уый Дæ фырт у».

**27** Стæй загъта ахуыргæнинагæн: «Мæнæ уый дæ Мад у!» Æмæ Йæ уæд ахуыргæнинаг акодта йæхимæ.

### *Йесойы мæлæт*

**28** Йесо зыдта, ныридæгæн æппæт дæр кæй сæххæст, уый. Æмæ загъта, Сыгъдæг Фысты цы загъдæуыд, уый куыд сæххæст уа, афтæ: «Дойны Мын у».

**29** Уым уыди туаг сæнæй дзаг мигæнæн. Æфсæддонтæ губкæ стылдтой туаг сæны, æрсагътой йæ иссопыл æмæ Йын æй схастой Йæ дзыхмæ.

**30** Йесо туаг сæнæй куы ацахуыста, уæд загъта: «Æппæт дæр сæххæст!» Уыйадыл Йæ сæр æркъул кодта æмæ Йæ уд радта Йæ Фыды къухмæ.

**31** Уыди майрæмбон, æмæ иудейты нæ фæндыди, цæмæй мæрдтæ сабаты дзуарыл уой, уымæн æмæ уыцы сабат стыр бæрæгбон уыди. Уымæ гæсгæ Пилатæй куырдтой мæрдтæн сæ зæнгтæ асæттын æмæ сæ дзуарæй æрисын.

**32** Уæд æфсæддонтæ æрцыдысты, æмæ Йесоимæ тыгъд чи уыд, уыдонæй фыццаг иуæн, стæй иннæмæн асастой сæ зæнгтæ.

**33** Йесомæ куы бацыдысты, уæд Æй федтой мардæй æмæ Йын Йæ зæнгтæ нал асастой.

**34** Фæлæ Йын æфсæддонтæй иу арцæй барæхуыста Йæ фарс æмæ дзы уайтагъд ракалд туг æмæ дон.

**35** Æппæт уыдæттæ чи федта, уый æвдисæн лæууы, йæ æвдисæнад æцæг у, æмæ зоны: раст дзуры, сымах дæр куыд баууæндат, афтæ;

**36** Уымæн æмæ ай æрцыд, цæмæй сæххæст уа, Сыгъдæг Фыст цы зæгъы, уый: «Йе стæг нæ асæтдзæн».

**37** Æмæ ма æндæр ран дæр Сыгъдæг Фысты загъд ис: «Кæй барæхуыстой, Уымæ кæсдзысты».

### *Йесойы баныгæдтой*

**38** Уый фæстæ аримафейаг Иосиф (уый дæр Йесойы ахуыргæнинаг уыди, фæлæ йæ не ’ргом кодта, уымæн æмæ иудейтæй тарсти) бахатыди Пилатмæ, цæмæй йын ратта Йесойы мард. Пилат ын бар радта. Иосиф ацыд æмæ Йесойы мард ахаста.

**39** Æрцыд Никодим дæр – кæддæр æхсæвы Йесомæ чи æрцыд, уый, – æмæ æрхаста фондзыссæдз джиранкайы* бæрц хæрздæфгæнæнтæ – смирнæ æмæ алой хæццæйæ.

* **19:39** *100 джиранкайы* – 30 килограммы бæрц.

**19:25** Лк. 2:35. **19:28** Мф. 27:48. **19:37** Æрг. 1:7. **19:38** Мф. 27:57; Мк. 15:43; Лк. 23:50. **19:39** Ин. 3:2; 7:50.

**40** Уыдон Йесойы мард иудейаг ӕгъдаумӕ гӕсгӕ батыхтой, хӕрздӕфгӕнӕнтӕ кӕуыл бапырх кодтой, уыцы мӕрддзӕгты.

**41** Дзуарыл Ӕй кӕм байтыгътой, уым уыди дыргъдон, дыргъдоны та – ӕвӕрд кӕм ничима уыд, ахӕм ног зӕппадз.

**42** Иудейаг сабатмӕ бирӕ кӕй нал баззад, ӕмӕ зӕппадз хӕстӕг кӕй уыди, уымӕ гӕсгӕ дзы бавӕрдтой Йесойы.

# – 20 –

*Йесо райгас*

**1** Къуырийӕн йӕ фыццаг бон, сӕударӕй, талынг ма уыди, афтӕмӕй, магдалӕйаг Мариа ӕрцыди зӕппадзмӕ ӕмӕ федта, бацӕуӕнӕй дур кӕй айстӕуыд, уый.

**2** Уӕд азгъордта ӕмӕ бацыд Симон Петрмӕ, стӕй Йесо кӕй уарзта, уыцы ахуыргӕнинагмӕ ӕмӕ сын загъта: «Хицауы ахастой зӕппадзӕй, ӕмӕ Йӕ кӕм бавӕрдтой, уый нӕ зонӕм».

**3** Петр ӕмӕ иннӕ ахуыргӕнинаг уайтӕккӕ араст сты зӕппадзмӕ.

**4** Дыууӕ дӕр згъордтой, фӕлӕ иннӕ ахуыргӕнинаг Петрӕй тагъддӕр згъордта ӕмӕ зӕппадзмӕ раздӕр бахӕццӕ.

**5** Уый ӕргуыбыр кодта ӕмӕ федта мӕрддзӕгтӕ, фӕлӕ зӕппадзмӕ нӕ бацыд.

**6** Йӕ фӕдыл ӕрбахӕццӕ Симон Петр дӕр, бацыд зӕппадзмӕ ӕмӕ дзы федта мӕрддзӕгтӕ.

**7** Йесойы сӕр баст кӕмӕй уыди, уыцы хӕцъил та мӕрддзӕгтимӕ нӕ разынди, фӕлӕ тыхтӕй уыди хицӕнӕй.

**8** Уӕд раздӕр чи ӕрбахӕццӕ, уыцы ахуыргӕнинаг дӕр мидӕмӕ бахызт. Ӕмӕ йӕхи цӕстӕй куы федта, уӕд ӕй бауырныдта.

**9** Уымӕн ӕмӕ уыдон Сыгъдӕг Фыстӕй нӕма зыдтой, Йесо мӕрдтӕй кӕй хъуамӕ райгас уа, уый.

**10** Ахуыргӕнинӕгтӕ аздӕхтысты сӕхимӕ,

**11** Мариа та лӕууыд зӕппадзы цур ӕмӕ куыдта. Куы куыдта, уӕд ныггуыбыр кодта зӕппадзмӕ, ӕмӕ,

**12** Йесойы мард раздӕр кӕм ӕвӕрд уыди, уым федта дыууӕ зӕды урс дарӕсы бадгӕ: иуы – Йӕ нывӕрзӕнмӕ, иннӕйы – Йӕ дӕлфӕдтӕм.

**13** Уыдон ӕй бафарстой: «Хорз ус, цӕуыл кӕуыс?» Мариа сын загъта: «Мӕ Хицауы мын ахастой ӕмӕ Йӕ кӕм бавӕрдтой, уый нӕ зонын».

**14** Афтӕ куы загъта, уӕд фӕстӕмӕ акаст ӕмӕ федта Йесойы лӕугӕйӕ. Фӕлӕ Йесо кӕй у, уый нӕ базыдта.

**15** Йесо йын загъта: «Хорз ус, цӕуыл кӕуыс? Кӕй агурыс?» Мариа ӕнхъӕл уыди, Уый дыргъдонгӕс у ӕмӕ Йын загъта: «Ме ’лдар, кӕд Ӕй ды рахастай, уӕд Ӕй кӕм бавӕрдтай, уый мын зӕгъ ӕмӕ Йӕ ӕз ахӕссон».

**16** Йесо йын загъта: «Мариа!» Мариа Йӕм раздӕхт ӕмӕ Йын

---

**20:1** Мф. 28:1; Мк. 16:1; Лк. 24:1. **20:6** Лк. 24:12. **20:11** Мф. 28:1; Мк. 16:5. **20:14** Мф. 28:9; Мк. 16:9.

дзуттагау загъта: «Раввуни!» (ома, Ахуыргæнæг).

**17** Йесо йын загъта: «Ма Мыл бандзæв, уымæн æмæ Æз Мæ Фыдмæ нæма ссыдтæн. Фæлæ цу Ме 'фсымæртæм æмæ сын зæгъ: „Цæуын Мæ Фыдмæ æмæ уæ Фыдмæ, Мæ Хуыцаумæ æмæ уæ Хуыцаумæ“».

**18** Магдалæйаг Мариа ацыд æмæ ахуыргæнинæгтæн радзырдта, Хицауы кæй федта æмæ йын Уый цы загъта, уыдæтты тыххæй.

*Фыццаг фембæлд райгасы фæстæ*

**19** Уыцы бон изæрæй, къуырийы фыццаг бон, ахуыргæнинæгтæ уыдысты иумæ. Иудейтæй кæй тарстысты, уый тыххæй сæхгæдтой дуæрттæ. Уыцы рæстæг уатмæ бацыд Йесо, æрлæууыд сæ разы æмæ загъта: «Фæрнджын ут!»

**20** Уый зæгъыны фæстæ сæм равдыста Йæ къухтæ, [Йæ къæхтæ] æмæ Йæ фарс. Ахуыргæнинæгтæ Хицауы куы федтой, уæд сцин кодтой.

**21** Йесо та сын дыккаг хатт загъта: «Фæрнджын ут! Мæн Мæ Фыд куыд рарвыста, афтæ уæ Æз дæр æрвитын».

**22** Уыцы ныхæсты фæстæ сыл бафу кодта æмæ сын загъта: «Схайджын ут Сыгъдæг Удæй.

**23** Кæмæн ныббарат йæ тæригъæдтæ, уымæн барст уыдзысты, кæмæн сæ нæ ныббарат, уымæн барст нæ уыдзысты».

*Йесо æмæ Фома*

**24** Йесо куы æрцыд, уæд дыууадæсæй иу, Фома, фæсномыгæй Фаззон, семæ нæ уыд.

**25** Иннæ ахуыргæнинæгтæ йын загътой: «Мах федтам Хицауы». Фæлæ сын уый загъта: «Йæ къухтыл зæгæлтæй хъæдгæмттæ куы нæ фенон, ме 'нгуылдз уыцы хъæдгæмтты куы нæ бавæрон, мæ къух та – Йæ фарсы хъæдгомы, уæд мæ нæ бауырндзæн».

**26** Аст боны фæстæ та ахуыргæнинæгтæ уыдысты хæдзары, Фома дæр уыд семæ. Дуæрттæ уыдысты æхгæд, афтæмæй бацыд Йесо, æрлæууыд се 'хсæн æмæ загъта: «Фæрнджын ут!»

**27** Стæй загъта Фомайæн: «Æрима де 'нгуылдз ардæм æмæ фен Мæ къухтæ. Æри дæ къух æмæ йæ бавæр Мæ фарсы хъæдгомы, æмæ æнæуырнæг ма у, фæлæ уырнæг».

**28** Фома йын дзуапп радта: «Мæ Хицау æмæ Мæ Хуыцау!»

**29** Йесо йын загъта: «Ды бауæндыдтæ, уымæн æмæ Мæ федтай. Тæхудиаг сты, Мæн чи нæ федта, афтæмæй чи бауæндыд, уыдон».

*Цæй тыххæй фыст у ацы чиныг*

**30** Ацы чиныджы загъд кæй тыххæй нæй, бирæ ахæм диссæгтæ ма равдыста Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæн.

**31** Ацы диссæгты тыххæй та уымæ гæсгæ ныффыстæуыд, цæмæй

---

20:17 Мф. 28:10; Ром. 8:29; Дзут. 2:11. 20:19 Мк. 16:14; Лк. 24:36; Ап. хъ. 13:31; 1 Кор. 15:5, 7. 20:20 Ин. 16:22. 20:23 Мф. 16:19; 18:18. 20:25 Ин. 19:34. 20:29 1 Пет. 1:8; 2 Кор. 5:7. 20:30 Ин. 21:25.

бауууæндат, Йесо Чырысти кæй у, Хуыцауы Фырт, ууыл. Æмæ Йыл куы æуууæндат, уæд Йæ фæрцы хайджын уыдзыстут мыггагмæйы цардæй.

# – 21 –

*Тивериадæйы денджызы былыл*

**1** Уый фæстæ та Йесо Йæ ахуыргæнинæгтæм фæзынд ногæй. Уый уыди Тивериадæйы денджызы былыл. Хабар уыди афтæ.

**2** Симон Петр, фæсномыгæй Фаззон чи хуынд, уыцы Фома, Нафанаил галилейаг Канæйæ, Зеведейы фырттæ æмæ Йесойы иннæ дыууæ ахуыргæнинаджы уыдысты иумæ.

**3** Симон Петр сын загъта: «Æз кæсаг ахсынмæ цæуын». Уыдон ын загътой: «Мах дæр демæ цæуæм». Ацыдысты æмæ сбадтысты бæлæгъы, фæлæ уыцы æхсæв ницы æрцахстой.

**4** Боныцъæхтыл Йесо лæууыд денджызы былгæрон. Фæлæ Йесо кæй у, уый ахуыргæнинæгтæ нæ базыдтой.

**5** Йесо сæ бафарста: «Мæ хæлæрттæ, исты æрцахстат?» Уыдон Ын дзуапп радтой: «Не 'рцахстам».

**6** Уый сын загъта: «Хыз баппарут бæлæгъæн йæ рахиз фарс, æмæ æрцахсдзыстут». Уыдон баппæрстой хыз, æмæ сын бирæ кæсæгтæ кæй æрцахста, уымæ гæсгæ йæ сæ бон раласын нæ уыд.

**7** Йесо кæй уарзта, уыцы ахуыргæнинаг загъта Петрæн: «Ай Хицау у». Симон Петр куы фехъуыста, Хицау у, зæгъгæ, уæд йæ пæлæз æрбалвæста ронæй (æндæр ыл ницы уыд), æмæ йæхи нывзылдта денджызмæ.

**8** Иннæ ахуыргæнинæгтæ та хыз кæсæгтимæ ластой сæ фæдыл, афтæмæй æрбацыдысты бæлæгъы; былмæ сæ бирæ нæ хъуыди – дыууæсæдæ æлмæрины* бæрц.

**9** Былмæ куы рахызтысты, уæд цæхæрыл федтой кæсаг, йæ фарсмæ та – дзул.

**10** Йесо сын загъта: «Рахæссут, цы кæсæгтæ æрцахстат, уыдонæй».

**11** Симон Петр схызт бæлæгъмæ æмæ хыз раласта зæхмæ. Хыз дзаг уыди стыр кæсæгтæй – æдæппæт сæдæ фæндзай æртæ кæсаджы. Ахæм бирæ кæсæгты уæззæй хыз нæ аскъуыд.

**12** Йесо сын загъта: «Рацæут æмæ ходæн бахæрут». Ахуыргæнинæгтæй йæ ныфс ничи бахаста Йæ бафæрсынмæ, «Чи дæ», зæгъгæ. Уыдон базыдтой, Хицау кæй у, уый.

**13** Йесо бацыд, райста дзул æмæ сын æй радта, радта сын кæсаг дæр.

**14** Афтæ мæрдтæй райгасы фæстæ Йесо æртыккаг хатт фæзынд Йæ ахуыргæнинæгтæм.

*Йесо æмæ Петр*

**15** Аходæн куы бахордтой, уæд Йесо бафарста Симон Петры: «Иоанны фырт Симон, уыдон Мæ цас уарзынц, ды Мæ уымæй фылдæр уарзыс?» Петр Ын дзуапп радта:

* **21:8** *200 æлмæрины* – 100 метры бæрц.

**20:31** Ин. 3:15; Ром. 15:4. **21:1** Мф. 28:7. **21:2** Лк. 24:16. **21:13** Ап. хъ. 10:41.

«О, Хицау! Ды зоныс, æз Дæ кæй уарзын, уый». Йесо Йын загъта: «Хиз Мæ уæрыччыты».

**16** Дыккаг хатт дæр та йæ бафарста: «Иоанны фырт Симон, уарзыс Мæ?» Петр Ын дзуапп радта: «О, Хицау! Ды зоныс, æз Дæ кæй уарзын, уый». Йесо йын загъта: «У фыййау Мæ фыстæн».

**17** Æртыккаг хатт æй бафарста: «Иоанны фырт Симон, уарзыс Мæ?» Æртыккаг хатт æй «уарзыс Мæ?» кæй бафарста, уый тыххæй Петр фенкъард æмæ Йын дзуапп радта: «Хицау, Ды алцыдæр зоныс. Ды зоныс, æз Дæ кæй уарзын, уый». Йесо йын загъта: «Хиз Мæ фысты.

**18** Æцæг, æцæг зæгъын дæуæн: ды æрыгон куы уыдтæ, уæд-иу дæ рон дæ астæуыл дæхæдæг æрбабастай, æмæ дæ кæдæм фæндыд, уырдæм-иу ацыдтæ. Фæлæ куы базæронд уай, уæд айтындздзынæ дæ къухтæ, æрбабæтдзæн дæ æндæр адæймаг æмæ дæ акæндзæн, кæдæм дæ нæ фæнда, уырдæм».

**19** Уыцы ныхæстæй Йесо фæсномыгæй загъта, Петр Хуыцауы цавæр мæлæтæй скадджын кæндзæн, уый тыххæй. Уый фæстæ йын Йесо загъта: «Мæ фæдыл цу».

**20** Петр ракаст фæстæмæ æмæ сæ фæдыл цæугæ федта Йесойы уарзон ахуыргæнинаджы. Уый уыди, æхсæвæры рæстæг Йесомæ йæхи чи баввахс кодта æмæ афтæ чи загъта: «Хицау, гадзрахатæй Дыл чи рацæудзæн?», уыцы ахуыргæнинаг.

**21** Петр æй куы федта, уæд бафарста Йесойы: «Хицау, уый та цы фæуыдзæн?»

**22** Йесо йын загъта: «Кæд Мæн афтæ фæнды, æмæ Ме 'рцыдмæ удæгас уа, уæд дæу цы хъуыддаг и? Ды цу Мæ фæдыл».

**23** Æмæ уый айхъуыст æфсымæртыл, уыцы ахуыргæнинаг нæ амæлдзæн, зæгъгæ. Йесо та нæ амæлдзæн нæ загъта, фæлæ: «Кæд Мæн афтæ фæнды, æмæ Ме 'рцыдмæ удæгас уа, уæд дæу цы хъуыддаг и?»

**24** Ацы ахуыргæнинаг æвдисæн у æппæт уыдæттæн, æмæ сæ ныффыста. Æмæ мах зонæм, йæ ныхас æцæг кæй у, уый.

**25** Йесо ма скодта бирæ æндæр хъуыддæгтæ дæр. Фæлæ сеппæты тыххæй лæмбынæг ныффысс, зæгъгæ, уæд уыцы чингуытæ, мæнмæ гæсгæ, суанг дунейы дæр нæ бацæуиккой.

---

**21:16** Ап. хъ. 20:28; 1 Пет. 5:2. **21:18** 2 Пет. 1:14. **21:20** Ин. 13:23. **21:24** Ин. 19:35. **21:25** Ин. 20:30.